ФИФI ФЫМЫГЪЭПУД, ФИ IЕЙ ФЫМЫГЪЭПЩКIУ

# АДЫГЭ ПСАЛЪЭ

КъБР-м И ПАРЛАМЕНТЫМРЭ ПРАВИТЕЛЬСТВЭМРЭ Я ГАЗЕТ
ГАЗЕТА ПАРЛАМЕНТА И ПРАВИТЕЛЬСТВА КБР

I924 ГЪЭ ЛЪАНДЭРЭ КЪЫДОКI

АДЫГСКОЕ СЛОВО

№128 (25.034) • 2026 гъэм жэпуэгъуэм (октябрым) и 24, щэбэт • ТхьэмахуэмщэкъыдокI • И уасэр зы тумэнщ •

КъБР-м и Iэтащхьэмрэ Правительствэмрэ я пресс-IуэхущIапIэм къыдэритамкIэ



# ЩIыхухэр арэзы ящI

**КъБР-м и Iэтащхьэ КIуэкIуэ Казбек бюджет лэжьакIуэхэм, къэрал, муниципальнэ къулыкъущIэхэм я улахуэм хэгъэхъуэным, Къэбэрдей-Балъкъэрым щыпсэухэм къэрал, муниципальнэ Iуэхутхьэбзэхэр зэрыхуащIэр егъэфIэкIуэным ехьэлIа IуэхухэргъэзэщIэным теухуа зэIущIэ иригъэкIуэкIащ.**

«ИЛЪЭСИХ хъууэ бюджет IэнатIэм Iутхэм я улахуэм проценти 10-кIэ щыхыдогъахъуэ. Абы ипкъ иткIи, лэжьапщIэ фондри нэхъыбэ мэхъу. 2021 гъэм ар сом мелард 15,6-рэ хъууэ щытамэ, 2026 гъэм тIукIэ нэхъыбэщ - сом мелард 32-рэ. Мы гъэм лэжьапщIэ фондым къыхэхъуащ сом меларди 3,2-рэ. Бюджет IэнатIэхэм щылажьэ лэжьакIуэ мин 40-м я улахуэр нэхъыбэ хъуащ», - жиIащ КIуэкIуэ Казбек.

ЦIыхухэм къэрал, муниципальнэ Iуэхутхьэбзэхэр яхуэщIэныр нэхъыбэу зи къалэныр бюджет IэнатIэхэращи, шэч хэмылъуи, абы лэжьакIуэхэм я пщэрылъми хегъахъуэ. А Iуэхутхьэбзэхэр щызэфIахкIэ нэхъыбэу къагъэсэбэпыр Iуэхутхьэбзэ зэмылIэужьыгъуэхэр щыхуащIэ IэнатIэм и порталымрэ МФЦ-мрэщ.

Мы илъэсым и япэ мазибгъум Iуэхутхьэбзэ 593-рэ зэфIагъэкIащ, мелуаным щIигъу лъэIукIэ зыкъыхуагъэзащ. А Iуэхур къыдэрызэгъэпэщам, ар зэрекIуэкIым республикэм и цIыхухэр арэзы ещI.

Республикэм и Iэтащхьэм зэIущIэм хэтхэм пщэрылъ ящищIащ Iуэхутхьэбзэхэр зэрыхуащIэм и фIагъым адэкIи хагъэхъуэну, бжыгъэ технологиехэр къагъэсэбэпурэ ехъулIэныгъэ лъагэхэр зыIэрагъэхьэну.



## ЩIымахуэм дыхуэхьэзырщ

**КъБР-м и Iэтащхьэ КIуэкIуэ Казбек видеозэпыщIэныгъэкIэ хэтащ УФ-м и Правительствэм и Унафэщым и къуэдзэ Хуснуллин Марат иригъэкIуэкIа, щIыналъэхэм зегъэужьынымкIэ комиссэм и зэIущIэм.**

ЗЭХУЭСЫМ щытепсэлъыхьащ щIыналъэхэр 2026 - 2027 гъэхэм я бжьыхьэмрэ щIымахуэмрэ зэрыхуэхьэзыр щIыкIэм, псэупIэ ухуэнымрэ инфраструктурэм и зыужьыкIэмрэ я гугъу ящIащ.

Къэбэрдей-Балъкъэрыр гъэплъыгъуэ пIалъэм жэпуэгъуэм зэрыщIидзэрэ хуэхьэзырщ, мазэм и 15-м муниципалитетхэм я нэхъыбэм унэхэр гъэплъын щыщIадзащ.

Унафэр зезыгъакIуэ, хуабэр зэбгрызытыкI Iуэхущ Iапlэхэм фэтэр куэду зэхэт унэхэм я хьэкухэр зыхуэныкъуэ псыр ирагъахъуэ.

Зэпыу ямыIэу, сыхьэт 24-м районхэм щолажьэ зыхуэмыхьэзыр къэхъукъащIэхэм хуэмыбэлэрыгъын хуэдэу, къызэрагъэпэща аварие-диспетчер Iуэхущ IапIэхэр.

Зыхуэныкъуэ лэжьыгъэ псори ирахьэлIащ электрокъарумрэ гъуэзымрэ зэбгрызыгъэкI Iэмэпсымэхэми.

## Къэрал гулъытэ ягъуэт

**Дызэрыт илъэсым зэрыщIидзэрэ Къэбэрдей-Балъкъэрым щыпсэу унагъуэхэм ящыщу 5879-м я бынхэр сабий садхэм зэрыщаIыгъым щхьэкIэ щIата пщIэм и Iыхьэ гуэрхэр къэралым яхуипшыныжащ икIи псори зэхэту сом мелуан 74-рэ ар хъуащ.**

САБИЙ садыпщIэм хохьэ цIыкIухэр абы зэрыщаIыгъыр, зэрыщагъашхэр, зэрыщагъэджэгур, абыхэм я зэчийхэм зэрызыщрагъэужьыр, нэгъуэщIхэри. Къэрал дэIэпыкъуныгъэхэр ират унагъуэм щIэсхэм ику иту къахь улахуэр зы мазэм къриубыдэу цIыхур нэхъ мащIэ дыдэу зыхуэныкъуэну ахъшэм и куэдагъым щыщIимыгъум деж. Апхуэдэ щIыкIэкIи, адэ-анэхэм быным трагъэкIуадэ ахъшэр ягъэмащIэ, унагъуэхэм гугъуехь гуэрхэри щхьэщах.

Псалъэм къыдэкIуэу, адэ-анэхэм я япэ сабийм щхьэкIэ щIат пщIэм и процент 20-р, етIуанэм щхьэкIэ - и процент 50-р худачых. Къищынэмыщ Iауэ, 2024 гъэм фокIадэм и 1-м щегъэжьауэ республикэм щыщ унагъуэшхуэхэм сабий садыпщIэр щхьэщахащ икIи апхуэдэхэм а Iуэхутхьэбзэм зыри щIатыркъым.

Мыдрейуэ, апхуэдэ къэрал дэIэпыкъуныгъэ хуэныкъуэ унагъуэхэм зыхуагъазэ хъунущ республикэм Лэжьыгъэмкlэ, цIыхухэм социальнэ и лъэныкъуэкIэ къащхьэщыжынымкIэ и центрхэмрэ МФЦ-мрэ.

**КЪАЛМЫКЪ Альберт.**

## ИнтернеткIэ Iэ тевдзэ

**«Адыгэ псалъэм» иджы унэм фыщIэсуи Iэ тевдзэ хъунущ. Абы папщIэ фи телефонхэм я камерэр мы QR-кодым тевгъапсэу абы къыфхуигъэлъагъуэ ссылкэм фрикIуэн хуейуэ араш.**



Япэ илъэс ныкъуэм кърикIуар

2-нэ нап.




Илъэсищэ гъуэгуанэм уризыгъэплъэж лэжьыгъэ

4-нэ нап.




КуэдкIэ щыгугъыу

9-нэ нап.




Малъхъэдис

11-нэ нап.



Узыгъэгупсысэ тхыгъэхэр

12-нэ нап.



# Япэ илъэс ныкъуэм кърикIуар

**КъБР-м и Парламентым Унафэщ Егоровэ Татьянэ республикэм и хабзэубзыху IуэхущIапIэм и зи чэзу зэIущIэр иригъэкIуэкIащ**.

АБЫ щыхэплъащ Къэбэрдей-Балъкъэрым и Хэхакlуэ комиссэм хагъэхьэну УФ-м и Хэхакlуэ комиссэ нэхъыщхьэм къигъэлъагъуэм теухуа унафэм.

КъБР-м и Парламентым Хабзэубзыхухэмрэ щIыпIэ унафэр зехьэным епха IуэхухэмкIэ и комитетым и унафэщI Мэлбахъуэ Борис зэрыжиIамкIэ, КъБР-м и Хэхакlуэ комиссэм и лэжьэгъуэ пIалъэр 2026 гъэм и дыгъэгъазэм зэрикIым къыхэкIыу, жэпуэгъуэм и 10-м гупыщIэ къызэрагъэпэщын щIадзащ. «УФ-м и хабзэм тету, комиссэм хэтынухэм я зэхуэдитIыр хэтхын хуейщ, Урысейм и ЦИК-м къигъэлъагъуэ зы цIыхуи яхэту. Апхуэдэу Хэхакlуэ комиссэ нэхъыщхьэм зыхудогъазэ Сундиевэ Ксение къигъэлъэгъуэну. ЗэрыфщIэщи, ар мы зэманым КъБР-м и Хэхакlуэ комиссэм и секретарщ», - жиIащ къэпсэлъам. Депутатхэм унафэр даIыгъащ.

ЗэIущIэм арэзы щытехъуащ «Балигъ мыхъуахэм якIэлъыплъыным, сабий зеиншэхэмрэ адэанэм я нэIэм щIэмытхэмрэ я хуитыныгъэхэр хъумэным, ахэр псэупIэкIэ къызэгъэпэщыным ехьэлIауэ щIыпIэ унафэр зезыгъакIуэ IэнатIэхэм я пщэрылъ щхьэхуэхэр ямыгъэзэщIэжынымрэ «Муниципальнэ районхэмрэ кIалэ округхэмрэ щIыпIэ унафэр зезыгъакIуэ я IэнатIэхэм балигъ мыхъуахэм якIэлъыплъынымкIэ къэрал пщэрылъ щхьэхуэхэр ягъэзэщIэным теухуауэ» КъБР-м и Законым къару имыIэжу къэлъытэнымрэ теухуа хабзэм и проектым.

КъБР-м егъэджэныгъэмрэ щIэныгъэмкIэ и министр Езауэ Анзор зэрыжиIамкIэ, балигъ мыхъуахэм я нэIэ тригъэтыну икIи кIэлъыплъыну КъБР-м Лэжьыгъэмрэ социальнэ дэIэпыкъуныгъэмкIэ и министерствэр къагъэлъагъуэ. Нэхъ ипэкIэ а пщэрылъхэр муниципалитетхэм ягъэзащIэу щытащ. КъызэралъытэмкIэ, апхуэдэ IуэхубгъэдыхьэкIэм Iэмалкъаритынущлэжьыгъэр зы мардэм тету яубзыхуну, хуащIэ Iуэхутхьэбзэхэм я фIагъым нэхъ ткIийуэ кIэлъыплъыну.

ЗэIущIэм къыщащтащ «Волонтёрхэм я Iуэхур зэкIэлъыгъэкIуэным теухуауэ» КъБР-м и Законым зэхъуэкIыныгъэхэр хэлъхьэным теухуауэ», «Хэхыныгъэхэмрэ референдумхэмрэ ехьэлIа республикэ законхэм зэхъуэкIыныгъэхэр хэлъхьэным и IуэхукIэ» КъБР-м и хабзэхэм я проектхэр.

Депутатхэр арэзы техъуащ «КъБР-м физическэ щэнхабзэмрэ спортымрэ епха Iуэхухэр щызэкIэлъыгъэкIуэным теухуауэ» КъБР-м и Законым и 6-нэ, 7-нэ Iыхьэхэм халъхьэ зэхъуэкIыныгъэхэм.

КъБР-м лэжьыгъэмрэ социальнэ дэIэпыкъуныгъэмкIэ и министр Тогузаев ТIэхьир тепсэлъыхьащ хамэ къэралхэм щыщу Урысейм визэншэу къакIуэхэм лэжьэну хуитыныгъэ щраткIэ (патент) хуагъэув налог коэффициентыр 2027 гъэм зыхуэдэнум. Абы елъытауэ щытынущ хамэ къэралхэм къикIхэм лэжьэн папщIэ къыдах патентым щIатынур. Къэпсэлъам къызэрыхигъэщамкIэ, коэффициентыр зэрыщытауэ - 3,3-уэ - къагъэнэж. Къэбгъэлъагъуэмэ, арацКавказ Ищхъэрэм щынэхъыбэ дыдэр. Министрым жиIащ апхуэдэ Iуэху бгъэдыхьэкIэм республикэм щылэжьэну хуитыныгъэ къеIызыххэм я бжыгъэм зэрыхимыгъэхъуэнур, республикэм щыпсэухэм IэнатIэ яIэным лъэпощхьэпо зэрыхуэмыхъунур.

- КъБР-м щыIэ МВД-м къызэритымкIэ, 2026 гъэм и мазибгъум хамэ къэрал къикIахэм лэжьэну хуит зыщI дэфтэру 4241-рэ иратащ. Ар нэгъабэ елъытауэ процент 19-кIэ нэхъ мащIэщ. Абы щыгъуэми мазибгъум кIриубыдэу республикэм и бюджетым къыхэхъуащ сом мелуан 344-рэ (сом мелуан 13,2-кIэ нэхъыбэщ, 2025 гъэм елъытауэ), - къыхигъэщащ Тогузаевым.

КъБР-м финансхэмкIэ и министр Лисун Еленэ къызэщIикъуэжащ 2026 гъэм и япэ илъэс ныкъуэм республикэм и бюджетыр зэрагъэзэщIар. Абы зэрыжиIамкIэ, щIыналъэм и хэхъуэр сом мелард 35,9-рэ хъуащ (илъэсым тращIыхьым и процент 49,7-рэ), къигъэсэбэпар – сом мелард 35,2-рэ (процент 46-рэ). Бюджетым къыдэхуащ сом мелуан 697,7-рэ.

Министрым жиIащ налог хэхъуэхэмкIэ республикэм ехъулIэныгъэхэр зэриIэр. Къэбгъэлъагъуэмэ, бюджетым къыIэрыхьащ Iуэхущ IапIэхэм я хэхъуэм щхьэщатыкIа сом меларди 2,2-рэ, цIыхухэм къатауэ сом меларди 3,2-рэ. Зымыгъэзэж хэхъуэу щIыналъэм къыIэрыхьащ сом мелард 23-рэ. «Социальнэ мыхьэнэ зиIэ, ипэ игъэщыпхъэ Iуэхухэм хуэдутIыпщащ сом мелард 25,5-рэ. Абы щыщу сом меларди 3,7-р цIыхухэм зэрызащIэдгъакIуэ Iуэхухэм текIуэдащ (сом меларди 2-м нэблагъэр дзэ Iуэху хэхам хэтхэмрэ абыхэм я унагъуэхэмрэ защIэгъэкъуэным ехьэлIауэ). Бюджет IэнатIэ Iутхэм я улахуэр етыным - сом меларди 6,2-рэ, мылажьэхэм Iэмал имыIэу хуащI медицинэ страхованэм - сом меларди 2,8-рэ хуэзащ. Сабий зеиншэхэр псэупIэкIэ къызэгъэпэщыным сом мелуан 438-рэ хухэтхащ», - къыхигъэщащ Лисун Еленэ.

Министрым дыщIигъуащ 2026 гъэм и япэ илъэс ныкъуэм и кIэм республикэм и къэрал щIыхуэр сом меларди 4,6-рэ зэрыхъур. Илъэсым и пэм елъытауэ, щIыхуэр сом мелуан 604-кIэ нэхъ мащIэ хъуащ. Лисун Еленэ жиIащ социальнэ IуэхущIапIэхэм я ухуэныгъэм, апхуэдэхэр зыхуей хуэгъэзэнымрэ зыхуэныкъуэхэмкIэ къызэгъэпэщынымрэ мы гъэм и етIуанэ илъэс ныкъуэм зэрыпащэнур.

**БАГЪЭТЫР Луизэ**.



# Нэхъыжьхэм пщIэ хуащI

**Мы мазэм республикэм щокIуэкI зи ныбжь хэкIуэтахэм ятеухуа пшыхьхэмрэ зэIущIэхэмрэ. IуэхущIапIэ зэмылIэужьыгъуэхэм я лэжьакIуэхэр нэхъыжьхэм ящыщу зи закъуэу псэухэм, егъэджэныгъэм, узыншагъэр хъумэным, нэгъуэщI IэнатIэхэм хьэлэлу пэрытахэм, Хэку зауэшхуэм зи сабиигъуэр хиубыдахэм, зауэм хэкIуэдахэм я фызабэхэм гулъытэ хуащI**.

ЖЫЛАГЪУЭ лэжьакIуэхэр, волонтёрхэр зи къару къимыхьыж жьыкIэфэкIэхэм унагъуэ IуэхухэмкIэ ядоIэпыкъу, ерыскъыпхъэхэмрэ зыхуэныкъуэ хущхъуэхэмрэ IэрагъэхьэI; зи ныбжь хэкIуэтахэм я деж медицинэм и лэжьакIуэхэр еблагъэурэ, я узыншагъэр къапщытэ.

Нэхъыжьхэм гулъытэ хуащIу кърагъэжьа «ГущIэгъу» мазэ пIалъэ IуэхумжыджэрухэтащДзэлыкъуэ щIыналъэр. Къуажэдэсхэр жьы хъуахэм якIэлъыкIуащ, ящIэупщIащ, унагъуэ Iуэхухэр хузэфIагъэкIащ.

Дзэлыкъуэ щIыналъэм хиубыдэ Сэрмакъ къуажэм и администрацэм и жэрдэмкIэ, гулъытэ хуащIащ къуажэдэс жьыкIэфэкIэ 31-м. Администрацэм и лэжьакIуэхэр дэтхэнэми и унэм кIуащ, ахэр зыхуеину хьэпшыпхэмрэ ерыскъыхэкIхэмрэ яхьри. Администрацэм и лэжьакIуэхэм къызэрыхагъэщамкIэ, псом хуэмыдэу гулъытэ хуэныкъуэщ зи закъуэу псэу нэхъыжьхэр. Мыпхуэдэ IуэхугъуэхэмцIыхухэр нэхъри егъэгумащIэ, псапэ щIэным трегъэгушхуэ, адэкIи нэхъыжьхэм якIэлъыкIуэнуи я гум иралъхьэ.

Малкэ къуажэм дэт езанэ курыт еджапIэм нэхъыжьхэр щаIущIащ ныбжьыщIэхэм. Ар «Пэрытхэм я зэщIэхъеныгъэ» зэгухьэныгъэм еджапIэм щIэ къудамэм хэтхэм къызэрагъэпэщащ, еджапIэм и унафэщIым и чэнджэщакIуэ Куфэн Альбинэ и нэIэ щIэту. ХьэщIэхэм папщIэ къызэрагъэпэщащ «Пасэрей хьэпшыпхэр» зыфIаща Iуэху гъэщIэгъуэныр, нэхъапэхэм къагъэсэбэпу щыта хьэпшыпхэм, Iэмэпсымэхэмтеухуауэпсэлъащнэхъыжьхэри нэхъыщIэхэри. Нэхъыжьхэр яфIэфIу хэтащ «Уэрэдыр къащIэ» Iуэхуми. 60-70 гъэхэм цIыхухэр зэдаIуэу щыта уэрэдхэм ахэр дежьуащ. ХьэщIэхэр еджакIуэу щыщытам теухуа школ гукъэкIыжхэми зэIущIэм и зы Iыхьэ траухуати, нэхъыжьхэм жаIэжхэр хуабагъэкIэ гъэнщIат.

Светловодскэ къуажэм дэт курыт еджапIэм и пэщIэдзэ классхэм щIэсхэмрэ абыхэм я адэ-анэхэмрэ лъыгъуэзащ къуажэдэс нэхъыжьхэм. Сабийхэм абыхэм тыгъэхэр хуахьащ, езыхэм ящIа хьэпшып цIыкIуфэкIухэмкIи ягъэгуфIащ. Езы нэхъыжьхэри ныбжьыщIэхэм къащыгуфIыкIащ, еджэным тракъуэзэну чэнджэщ къратащ. ШколакIуэхэм гъэщIэгъуэн ящыхъуащ абыхэм къыжраIэжа хъыбархэр – ахэр теухуат езыхэм я сабиигъуэмрэ щIалэгъуэмрэ, егъэджакIуэхэм, лэжьыгъэм сэбэпынагъыу хэлъым, нэгъуэщIхэми. Сабийхэм я адэ-анэхэм къызэрыхагъэщащи, нэхъыжьхэмрэ нэхъыщIэхэмрэ я зэIущIэхэр сытым дежи щхьэпэщ, абы хэлъщ гуапагъи ущие дахи.

Чыщбалъкъ къуажэм и щIэблэри жьы хъуахэм яIущIащ. Абыхэм нэхъыжьхэр ягъэгуфIащ ныбжь зиIэхэм ятеухуауэ зрагъэщIа усэ, уэрэд цIыкIухэмкIэ, я анэхэр къадэIэпыкъуурэ япщэфIа шхыныгъуэхэри хуахьащ зыхуеблэгъахэм. Сабийхэм я IэкIэ ящIа открыткэ гъэщIэрэщIахэм нэхъыжьхэр щыгуфIыкIащ.

**ГУГЪУЭТ Заремэ**.



Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Парламентым и депутатхэмрэ КъБР-м и Парламентым и Аппаратым и лэжьакIуэхэмрэ КъБР-м и Парламентым и Аппаратым и япэ унафэщIу (1993 - 2004) щыта **Жыджэт Александр Азэмэт и къуэм** и Iыхьлыхэмрэ и благъэхэмрэ яхуогузавэ ар дунейм зэрехыжам къыхэкIыу.





# Я узыншагъэм кIэлъоплъ

**ЩIыналъэм и цIыхухэм я узыншагъэр къэпщытэным теухуауэ япэ медицинэ дэIэпыкъуныгъэхэр щрат IуэхущIапIэхэм лэжьыгъэшхуэ щрагъэкIуэкI. Мы илъэсым и япэ мазибгъум къриубыдэу республикэм щыпсэухэм ящыщу балигъ 230-м я узыншагъэм кIэлъагъэплъащ.**

IУЭХУМ цIыху нэхъыбэ къызэщIегъэубыдэнымкIэ икъукIэ щхьэпэ мэхъу ягъэIэпхъуэ медицинэ комплексхэр. «Япэ медико-санитар дэIэпыкъуныгъэм зегъэужьын» къэрал программэм ипкъ иткIэ апхуэдэ къудамэ щхьэхуэу 21-рэ республикэм щолажьэ: ягъэIэпхъуэ флюорографу 8, ФАП-у 9, маммографу 3, флюмамму 1. Абыхэм я фIыгъэкIэ IэщIагъэлIхэм яхузэфIокI щIэх-щIэхыурэ къуажэ пхыдзахэм, IуэхущIапIэ щхьэхуэхэм кIуэн.

ЦIыхухэм я узыншагъэр къэпщытэнымкIэ лэжьыгъэ нэхъыбэ зи пщэ къыдэхуэр район, къалэ поликлиникэхэрщ. ФIагъышхуэ зиIэ иджырей IэмэпсымэхэрзэрагIэм, лэжьыгъэр зыхуей хуэзэу зэрызэтраублам къыхэкIыу а Iуэхур хъарзынэу къызэгъэпэща мэхъу. Абы и фIыгъэкIэ узыфэ куэд хэмытIасэу къащIэ хъуащ. Къапщтэмэ, нэгъабэ елъытауэ, гулъынтхуэ, лыш узыфэу и чэзум къахутэфахэр фIыуэ нэхъыбэ хъуащ.

Апхуэдэ IуэхущIапIэхэм сымаджэ куэд узыфэ шынагъуэхэм щехъумэ. Лэжьыгъэр хуэунэтIащ Къэбэрдей-Балъкъэрым щыпсэухэм узыншэу гъащIэ кIыхь къагъэщIэным.

**ЩХЬЭЩЭМЫЩI Изэ.**

**● Ахъшэ IуэхущIэ**

# Жыгъейхэр Iахынущ

**2026 гъэм жэпуэгъуэм и 26 - щэкIуэгъуэм и 7-хэм Къэбэрдей-Балъкъэрым щекIуэкIынущ «Ахъшэ жыгъейм и тхьэмахуэ» IуэхущIэпэр. Республикэм щыпсэухэм а пIалъэм къриубыдэу IэмалыIэнущ унэм щаIэ жыгъейхэр тхылъымпIэ ахъшэхэмкIэ яхъуэжыну. Мы IуэхущIэпэр нэхъыбэу зыхуэунэтIар тыкуэнхэм ахъшэр щызэIэпыхыгъуафIэ щIынымрэ къэралым къыщыщIагъэкI гъущI ахъшэм трагъэкIуадэр гъэмэщIэнымрэщ.**

«АХЪШЭ жыгъейм и тхьэмахуэ» IуэхущIэпэр республикэм щылажьэ банку 14-рэ сату щIыпIэ инхэмрэ. Уеблэмэ банкхэм ахъшэр къыщыпхуахъуэж къудей мыхъуу, ар цIыхум и цIэкIэ абы къыщызэIуаха счетым ягъакIуэ хъунущ е апхуэдэ ямыIэмэ, къыщыхузэIуахынурэ абы хухалъхьэнущ. Абы щхьэкIэ узыхуеинур паспорт закъуэрщ.

Мыдрейуэ, ахъшэ жыгъейр банкхэм е тыкуэнхэм яхъуэжыну яхьын ипэ къихуэу ахэр зэхэдзауэ щытын хуейщ, нэхъ бжыгъуафIэ хъун папщIэ, цIыхухэри зэтримыхьэн щхьэкIэ.

Иджырей жэрдэмыр къыхэзылъхьахэм зэрыжаIэмкIэ, Урысейм и Банкым гъущI ахъшэ жыгъей куэд илъэс къэс къыдегъэкI, ауэ абыхэм я нэхъыбэр тыкуэнхэмрэ бэзэрхэмрэ щыземыкIуэу унагъуэхэм щызэхуахьэс, къамыгъэсэбэпуи щагъэлъщ. АтIэ ар щэн-щэхуэным къыхэшэжын хуейщ. Армыхъумэ, сату щIыпIэхэр гугъу йохь, жыгъейр къазэремэщIэкIым, щэхуакIуэхэм иратыжын зэрамыIэм къыхэкIыу.

Мыдрейуэ, мы гъэм гъатхэм ирагъэкIуэкIа мыпхуэдэ IуэхугъуэщхьэпэмифIыгъэкIэ, республикэм цIыхухэм гъущI ахъшэ жыгъейуэ 35 238-рэ банкхэм хуахьыжащ е сом мини 191-рэ.

IуэхумтеухуауэупщIэзиIэщыIэмэ, абыхэм зыхуагъазэ хъунущ монетнаянеделя.рф. сайтым.

**БЭЛЭТОКЪУЭ Замир.**

## Мы махуэхэм

**Жэпуэгъуэм и 24, *щэбэт***

**♦Лъэпкъ Зэкъуэтхэм я Зэгухьэныгъэм и махуэщ**

**♦Зыужьыныгъэм теухуа хъыбархэр зэбгрегъэхыным и дунейпсо махуэщ**

**♦Полиомиелитым пэщIэтыным и дунейпсо махуэщ**

**♦Урысейм IэщэкIэ ЗэщIэуэзэда и Къарухэм я гуп щхьэхуэм (Спецназым) и махуэщ**

**♦1897 гъэм** Урысейм и тхыдэм щыяпэу футболымкIэ зэхьэзэхуэ екIуэкIащ.

**♦1893 гъэм** къалъхуащ 1921 - 1938 гъэхэм Къэбэрдей-Балъкъэрым и унафэщIу щыта, къэрал лэжьакIуэ, политик **Къалмыкъ БетIал**.

**♦1901 гъэм** къалъхуащ адыгей усакIуэ **Хьэткъуэ Ахьмэд**.

**1981 гъэм** къалъхуащ адыгей сурэтыщI, Братислав, Берлин, Алма-Ата щекIуэкIа дунейпсо гъэлъэгъуэныгъэхэм щытекIуа **ГъукIэпщокъуэ Щауэмыр**.

**Дунейм и щытыкIэнур**

«pogoda.yandex.ru» сайтым зэритымкIэ, республикэм уфауэ щыщытынущ. Хуабэр махуэм градус 14 – 15, жэщым градус 11 - 12 щыхъунущ. ЩIым и малъхъэдис щытыкIэм балли 4-кIэ зихъуэжынущ.

**Жэпуэгъуэм и 25, *тхьэмахуэ***

**♦Урысей Федерацэм и Таможенникым и махуэщ**

**1941 гъэм къызэрагъэпэщащ зыхъумэжыныгъэмкIэ Налшык комитетыр.**

**♦1977 гъэм** «СССР-м и цIыхубэ дохутыр» цIэ лъапIэр ягъэуващ.

**♦1911 гъэм** къалъхуащ адыгэ тхакIуэ **Елмэс Хьэжбий**.

**♦1915 гъэм** къалъхуащ парт, къэрал къулыкъущIэу щыта, Социалист Лэжьыгъэм и ЛIыхъужь **Бгъэжьнокъуэ Хьэчим**.

**♦1917 гъэм** къалъхуащ шапсыгъ тхыдэдж, СССР-м цIыхубэм щIэныгъэ егъэгъуэтынымкIэ и отличник **Нэпсо Фазил**.

**♦1928 гъэм** къалъхуащ журналист, УФ-ми КъБР-ми щэнхабзэмкIэ щIыхь зиIэ я лэжьакIуэ, «Адыгэ псалъэ» газетым и редактор нэхъыщхьэм и къуэдзэу илъэс куэдкIэ щыта **Мырзэкъан Суфян**.

**♦1940 гъэм** къалъхуащ Сириемщыщ къэрал, жылагъуэ лэжьакIуэ, СХьР-м и Парламентым и депутату, Адыгэ ФIыщIэ Хасэм и тхьэмадэу илъэс куэдкIэ лэжьа **Абазэ Шараф**.

**Дунейм и щытыкIэнур**

«pogoda.yandex.ru» сайтым зэритымкIэ, республикэм уэшх къыщешхынущ. Хуабэр махуэм градус 13 – 15, жэщым градуси 10 - 11 щыхъунущ.

**Жэпуэгъуэм и 26, *блыщхьэ***

**♦1942 гъэм** советыдзэхэр икIуэту Налшык къалэм дэкIын хуей хъуащ.

**♦1926 гъэм** къалъхуащ «Красный Кавказ» колхозым и унафэщIу илъэс куэдкIэ щыта, Социалист Лэжьыгъэм и ЛIыхъужь **Тхьэкъуахъуэ Башир**.

**♦1929 гъэм** къалъхуащ журналист, «Адыгэ псалъэ» газетым илъэс куэдкIэ щылэжьа, КъБР-м щэнхабзэмкIэ щIыхь зиIэ и лэжьакIуэ **Джэлэс Таужид**.

**♦1937 гъэм** къалъхуащ филологие щIэныгъэхэмкIэ доктор, мэлбахъуэ Тимборэ и цIэр зезыхьэ Лъэпкъ библиотекэм и унафэщI **Емуз Анатолэ**.

**♦1949 гъэм** къалъхуащ биологие щIэныгъэхэмкIэ доктор, КъБКъУ-м и профессор **Куэтэншы Хьэсэн**.

**♦1956 гъэм** къалъхуащ филологие щIэныгъэхэмкIэ доктор **Дзыгъуанэ Ритэ**.

**♦1971 гъэм** къалъхуащ филологие щIэныгъэхэмкIэ кандидат, КъБКъУ-м и доцент **УнэIокъуэ Вячеслав**.

**Дунейм и щытыкIэнур**

«pogoda.yandex.ru» сайтым зэритымкIэ, республикэм уфауэ щыщытынущ. Хуабэр махуэм градус 14 – 15, жэщым градуси 8 - 9 щыхъунущ.

***Къытхэхъуащ***

*Вэсэмахуэ* республикэм къыщалъхуащ сабий 20: 8-р хъыджэбз цIыкIущ, 12-р щIалэщ.

*Дыгъуасэ* - сабий 32-рэ: 20-р хъыджэбз цIыкIущ, 12-р щIалэщ.

*Жэпуэгъуэм* зэрыщIидзэрэ щIыналъэм дунейм къыщытехьащ сабий 517-рэ, илъэсым и пэщIэдзэм щегъэжьауэ 7080-рэ.

*Зыгъэхьэзырар*
**ЩХЬЭЩЭМЫЩI Изэщ.**

**Лъэпкъ Iущыгъэ:**

**ЖаIэ псор къэхъуркъым, къэхъу псор яIуатэркъым.**



# ГъэпщIакIуэхэм щахъумэ

**Плъыр-пост къулыкъум и лэжьакIуэхэм цIыхухэр гъэпщIакIуэхэм ящыхъумэным теухуа IуэхугъэпщIэ Налшык щрагъэкIуэкIащ. Къалэм щыпсэухэмрэ и хьэщIэхэмрэ щахуэзэну къыхахат республикэм и щыхьэрым щыцIэрыIуэ «Сосрыкъуэ» комплексыр.**

Полицейхэм абдежым щызекIуэхэм жраIащ гъэпцIагъэ Iэмал нэхъ зыубгъуауэ бзаджащIэхэм къагъэсэбэпхэр, телефонкIэ щызэпсалъэкIи интернеткIэ щызэхуэтхэкIи набдзэгубдзаплъэу щытын зэрыхуейр.

ЩхьэхуэукъытеувыIащ «шынагъуэншэ счет» жыхуиIэу нобэми къагъэсэбэпым. ЦIыхухэм ягу къагъэкIыжащ хабзэхъумэ IэнатIэхэм я лэжьакIуэхэм апхуэдэ счетхэм ахъшэр ягъэхьыну къызэрамыгъэувыр, мылъкур «декларацэ» ящIыну къыхуагъэлъагъуэу къазэремыпсалъэр. ЖраIащ зыгуэркIэ апхуэдэу къепсалъэмэ, икIэщIыпIэкIэ полицэм зыхуагъэзэну.

Псалъэмакъым и кIэухым полицейхэм чэнджэщ щхьэпэхэр зытет тхылъымпIэ цIыкIухэр хуагуэшри, республикэм щыпсэухэр къыхураджащ сакъыну, гъэпцIакIуэхэм япэщIэмыхуэн папщIэ.

**БАХЪСЭН Азэмэт.**

# КИФЩI-м бжьыпэр щиIыгъщ

**Кавказ Ищхъэрэм СтатистикэмкIэ и къэрал управленэм къызэритамкIэ, 2026 гъэм и щIышылэм – шыщхьэупIум къриубыдэу КИФЩI-м и щIыналъэхэм мэкъумэш продукцэу къыщыщIагъэкIам и куэдагъым нэхъ псынщIэу хэзыгъэхъуахэмкIэ Къэбэрдей-Балъкъэрым етIуанэ увыпIэр иубыдащ, нэгъабэ апхуэдэ пIалъэм хузэфIэкIам нэхърэ проценти 100,3-кIэ нэхъыбэ къигъэлъагъуэу.**

ПСОМ хуэмыдэу ехъулIэныгъэфIхэр щыщыIэщ республикэм и Iэщ гъэхъун IэнатIэм. ЖыпIэнурамэ, къапщытэж пIалъэм къриубыдэу лырэ джэдкъазылу ди деж къыщалэжьам (псэууэ шэчауэ) процент 1,6-кIэ, шэм проценти 3,2-кIэ, джэдыкIэу кърахым проценти 2,9-кIэ хагъэхъуащ.

Къищынэмыщlауэ, Кавказ Ищхъэрэм лырэ джэдкъазылу къыщалэжьам и куэдагъымкIэ (псэууэ шэчауэ) КъБР-м япэ, гъэшымкIэ - етIуанэ, джэдыкIэмкIэ - ещанэ увыпIэхэр КИФЩI-м щиIыгъщ.

**ЗЭКIУРЕЙ Ислъам.**

# Илъэсищэ гъуэгуанэм уризыгъэплъэж лэжьыгъэ

**Адыгэхэм зы гупсысэ гъэщIэгъуэн яIэщ: унагъуэ умыхъуауэ хьэблэ ухъунукъым, хьэблэ умыхъуауэ лъэпкъ ухъунукъым. Жылэр узыншэмэ, лъэпкъыр зыщыгугъ хъун цIыху хьэлэмэтхэр къыдокI, я щхьэпэр щIыналъэми къэралми я зыужьыныгъэм екIыу. Ар зэрыпэжым и щыхьэтщ «Принт Центр» тхылъ тедзапIэм иджыблагъэ къыщыдэкIа, «Зэрэгъыж: гуащIэдэкI, зауэ, щIэныгъэ гъуэгум и ныбзхэр» зи фIэщыгъэ тхылъыр. Къуажэр зэрытIысрэ илъэси 100 щрикъум ирихьэлIэу дунейм къытехьа къэхутэныгъэшхуэр зи Iэдакъэщ Iэкlыр КъБКъУ-м и доцент, педагогикэ щIэныгъэхэмкIэ кандидат, КъБР-м егъэджэныгъэмкIэ щIыхь зиIэ и лэжьакIуэ Къардэн Маещ. Зэрэгъыж къуажэм и мызакъуэу, зэрыхэгъэгъуу зыщыгуфIыкI хъун лэжьыгъэм япэу тепсэлъыхьар Раздайбедэ Александрщ. Дэри а тхыгъэр «Адыгэ псалъэ» лъэпкъ газетым и щIэдзыкIакIуэхэм я пащхьэ идолъхьэ.**

КЪАРДЭН Мае къыщалъхуар Зэрэгъыж къуажэрщ, абдежщ и цIыкIущхьэр щыкIуари, курыт щIэныгъэ щызригъэгъуэтари. ЕджапIэр хъарзынэу къиуха нэужь, Мае Къэбэрдей-Балъкъэр къэрал университетым щIэтIысхьащ, егъэджакIуэ Iэщlагъэри къыщIихащ. ЩIэныгъэ нэхъыщхьэ зэзыгъэгъуэта хъыджэбз ныбжьыщIэм щалъхуа къуажэм игъэзэжри, тхыдэмрэ обществознаниемкIэ егъэджакIуэу щылэжьащ. Зыпэрыува IэнатIэм пэжу бгъэдэт Къардэн Мае гу къылъатэри, 1980 гъэхэм я щIэдзапIэм КъБАССР-м Егъэджэныгъэмкlэ и министерствэм егъэджакIуэхэм я Iэщlагъэм щыхагъахъуэ и институтым ирагъэблэгъащ, зэман кIыхькIэ общественнэ щIэныгъэхэмкIэ кафедрэм и унафэщIу лэжьащ.

Тхыдэм ехьэлIа къэхутэныгъэхэр ебгъэкIуэкIыныр зэрымыIуэху тыншыр, уеблэмэ зэрыкъупынщыпыныр нэрылъагъу ещI Къардэн Мае и къалэмыпэм къыщIэкIа лэжьыгъэм. Ар теухуащ къуажэм и къэунэхукIэм, абы дэса цIыхухэм я псэукIэщыIэкIэм, тхыдэм къэхъукъащIэ щхьэхуэхэм къуажэм къыхинэ лъэужь дахэм. КъыдэкIыгъуэм и напэкIуэцIхэр къыщызэбгъэдзэкIкIэ, зыхыумыщIэнкIэ Iэмал имыIэу зы Iуэхум гу зылъыуегъатэ: къэувыIэ имыIэу илъэсхэр блокI, дыгъуасэрей махуэхэр зи щIэж Iыхьэу щыт нэхъыжьыфIхэр дунейм йохыж, щыIэныгъэм и хьэлъэм гукъэкIыж щхьэпэхэр докIуэдыж. Къуажэм и тхыдэр къызыхэпхыж хъуну тхылъымпIэхэм я нэхъыбэр кхъахэ мэхъури мэкIуэдыж, е дэфтэр минхэм яхозэрыхьыжри, хъумапIэхэм щотIысэх. ЦIыхум и щIэжым хэлъ хъугъуэфIыгъуэхэр хъумэныр, ахэр щIэблэм я деж нэхьэсыныр - ар нэхъыжьхэм зыщхьэщах мыхъун пщэрылъщ. Аращ зи ужь итыр Къардэн Мае, хьэкъыуи си фIэщ мэхъу ар абы къызэрехъулIар.

Зэрэгъыж къуажэм и тхыдэр къызэщIэкъуэжыныр гуэх имыIэу епхащ кIуэ пэтми цIыкIу хъу мы дунейм адыгэхэм игъащIэ лъандэрэ къадэгъуэгурыкIуэ щэнхабзэ икIи псэкупсэ щхьэхуэныгъэхэр хэкIуэдэжынкIэ шынагъуэ зэрыщыIэм. Щэнхабзэхэм я купщIэр щыкIуэд, жылагъуэхэм я лъэпкъ щхьэхуэныгъэхэм зыщызэблахъу мы лъэхъэнэм къыдэкIуэтей щIэблэм я псэкупсэ гъэсэныгъэмрэ лъэпкъ щIэжымрэ къэIэтынымкIэ адэжь лъахэм и тхыдэр джыным нэхъ Iэмалыфl щыIэкъым. «Сыщалъхуа Зэрэгъыж къуажэм и тхыдэри щыналъэм и тхыдэм щыщ зы напэкIуэцIщи, шэч къытесхьэркъым ар зи пащхьэ ислъхьэну си къуажэгъухэм си гуращэхэр зэрызыхащIэнум, щIэблэ дахэр къэгъэтэджынымкIэ сиIэ хъуэпсапIэхэм зы ткIуэпсу зэрыхэткIуэнум», - жеIэ Къардэным.

Тхылъым щызэхуэхьэсащ Зэрэгъыж къуажэр щытIысам къыщегъэжьауэ нобэр къыздэсым кънкIуа гъуэгуанэр нэгум къыщIэзыгъэувэж дэфтэрхэр, щыхьэтыгъэхэр, гукъэкIыжхэр. Илъэси 100-р зэ еплъыгъуэкIэ къуажэм дежкIэ мыкуэдынкIи хъунщ. Ауэ ар пIалъэ хъарзынэ ирокъу, узэплъэкIыжрэ мыхьэнэ зиIэ тхыдэ къэхъукъащIэхэм уахэплъэжын, къежьапIэм деж щытахэм яхуэфащэ пщIэр егъэгъуэтыжын, къуажэм зиузэщIынымкIэ зи гуащIэ емыблэжахэм я цIэхэр дахэкIэ къиIуэн папщIэ. Апхуэдэу къыдэкIыгъуэм ущрихьэлIэнущ къуажэ Советым, колхозым, парт зэгухьэныгъэхэм щекIуэкIа зэIущIэхэм къыщапсэлъахэр зэрыт тхыгъэхэм, тхылъхэм, къуажэдэс щхьэхуэхэм я гукъэкIыжхэм, унагъуэхэм я сурэт гъэтIылъыгъэхэм щыщхэм, «Адыгэ псалъэ», «Адыгэ Хасэ», «Кабардино-Балкарская правда», «Советская молодёжь» газетхэм къытехуа тхыгъэхэм. Дэтхэнэми къуажэм и гъащIэм щыщ Iуэхугъуэхэр лъэныкъуэ зэмылIэужьыгъуэхэмкIэ къыщыгъэлъэгъуа хъуащ, щыIэ еплъыкIэхэм къыхагъэхъуэжу, щIэщыгъуэ халъхьэжу е нэгъуэщIынэкIэ ухурагъэплъэкIыжу. Нэхъыщхьэращи, а псом къуажэм и блэкIар теплъэгъуэ псоуэ уи пащхьэ кърагъэувэ, уэ езым зыкъыщыуигъэлъыхъуэжу, а дунейм щыбубыд увыпIэр зыхуэдэм уригъэгупсысу.

Тхылъым и гуращэ нэхъыщхьэр зытеухуар Зэрэгъыж къуажэм и гуащIэдэкI, зауэ, щIэныгъэ гъуэгум и ныбзхэр цIыхухэм я гъащIэмкIэ къэгъэлъэгъуэнырщ, адыгэ гъащIэм хыхьэж зы лъагъуэу зэрыщытыр нахуэ къэщIынырщ, къэралышхуэм и тхыдэм и зы напэкIуэцI зэрыхъур къыщIэгъэщынырщ. Тхылъым зи цIэ къыщыкIуа къуажэдэсхэм я гъащIэм ущриплъэкIэ, къэралми щIыналъэми щекIуэкIа, тхыдэ мыхьэнэ зиIэ къэхъугъэхэм я лъэужь хыболъагъуэ, XX икIи XXI лIэщIыгъуэхэм къахьа гуфIэгъуэхэмрэ гуауэхэмрэ епхауэ зэрыщытари къыхощ.

Зэрэгъыж къуажэм и блэкIар бзэ дахэкIэ, псалъэ зэгъэпэщакIэ, гурыщIэ къабзэкIэ къэзыIэтыж Къардэн Мае и гуащIэдэкIыр щхьэпэ хъунущ ди щIыпIэм и тхыдэр нэхъыфIу къыбгурыIуэнымкIэ, лъэхъэнэхэм я зэпыщIапIэр щIалэгъуалэм къахутэнымкIэ, пщэдейрей махуэхэм гушхууэ хуэкIуэнымкIэ. Къардэн Мае къалэн зыщищIыжа Iуэхугъуэр хъарзынэу къехъулIащи, къуажэдэсхэми щыналъэм щыпсэухэм я щIэныгъэм къыхэзыгъахъуэ лэжьыгъэ дахэмкIэ уахуэгуфIэ хъунущ.

*Зыгъэхьэзырар*
**ТАБЫЩ Муратщ.**

● Тхылъыщlэ




# Заринэ и «Унащхьэр» зэпеуэм щытокIуэ

**КъБР-м щIыхь зиIэ и журналист, «Горянка» газетым и редактор нэхъыщхьэ, усакIуэ, драматург, публицист, «Жан» республикэ зэгухьэныгъэр къызэзыгъэпэща Къаныкъуэ Заринэ щытекIуащ Къэзан щекIуэкIа «Театр+школа» урысейпсо зэпеуэм и «Школ театрым папщIэ пьесэ нэхъыфI» унэтIыныгъэм.**



ЗЭПЕУЭР Къэзан къалэм и Ныбжьыщlэ театрым и лэжьакIуэхэм къызэрагъэпэщащ, Тэтэрстан Республикэм Щэнхабзэмкlэ, Егъэджэныгъэмкlэ и министерствэхэр, Тэтэрстаным и ТхакIуэхэм я зэгухьэныгъэр и дэIэпыкъуэгъуу.

Ныбжьыщlэхэм я Къэзан къэрал театрым и къэпщытакIуэхэм нэхъыфIу къалъыта лэжьыгъэхэм ящыщщ Къаныкъуэ Заринэ и «Унащхьэ» пьесэр. Ар игъэуващ КъБР-м Горький Максим и цIэр зезыхьэ и Урыс къэрал драмэ театрым и артист, режиссёр Къанкъул Ислъам. Адыгэбзэкlэ тха пьесэр урысыбзэкlэ зэрадзэкIащ икIи абы утыкум къыщеджащ. Абы хэтащ Къэзан къалэм и Ныбжьыщlэ театрым и артистхэу Антонов Валерэ, Мухортовэ Марие, Рашитовэ Эльмирэ, Зиннатуллин Нияз, Зубайраев Руслан, Шарипов Руслан сымэ.

- «Унащхьэр» куэдым гунэс зэращыхъуам щIалэгъуалэм нэхъри зыкъызэкъуахыну трегъэгушхуэ, - жеIэ Къанкъул Ислъам. - Щlэблэм яку дэлъ зэхущытыкlэхэр, ахэр я адэ-анэмрэ егъэджакIуэхэмрэ къазэрыдекIуэкIырщ утыкум къыщагъэлъагъуэр.

Къаныкъуэ Заринэ жеIэ зэпеуэм зэрыщытекIуам, ныбжьыщlэхэр зыгъэгузавэ Iуэхугъуэхэм теухуа лэжьыгъэм езым и дежкIэ мыхьэнэшхуэ зэриIэр. Пьесэр итхын и пэ абы фIыуэ зыщигъэгъуэзащ иджырей ныбжьыщlэхэм я дунейм. Лэжьыгъэм лъабжьэ хуэхъуар щIалэгъуалэм я гъащIэрщ, я зэхущытыкIэрщ, яку дэлъ гурыгъу-гурыщIэхэрщ, дэзыхьэх Iуэхугъуэхэрщ, зыгъэпIейтейхэрщ. Iуэхур щекIуэкIыр дращIейуэ намыгъэсу къагъэнэжа унэ зэтет бгынэжахэм ящыщ зым и унащхьэрщ. Ар еджакIуэхэм я зэхуэзапIэ, зэпсэлъапIэ, нэгу зегъэужьыпIэ къудей мыхъуу, я классэгъу Ясминэ абы къехуэхыу зэриукIар спектаклым щыпхыша гупсысэщ. Гузэвэгъуэр къызэрыхъуар езы ныбжьыщlэхэм зэхагъэкIыну зэгуроIуэри, унащхьэм щызэхуос. Интернет сайтым дихьэха зэныбжьэгъу хъыджэбзхэм зэрымыщIэкIэ ар «эфир занщIэм» ягъакIуэ. Абдеж Ясминэ хэт сыт хуэдэу хущытами щытопсэлъыхь, дэтхэнэ зым и хьэлщэнри «зэрымыщIэкIэ» наIуэ къыщохъу. А щIыкIэм тету псори щыгъуазэ мэхъу хъыджэбз цIыкIур унащхьэм къехуэха зэрыхъуам.

- Балигъ ныбжьым нэмыса щIалэ, пщащэ цIыкIухэр Iуэхугъуэ куэдым пэщIохуэ, щыпсэ щIыналъэми емылъытауэ. А ныбжьым итхэм яхэтщ зи Iуэхущlафэ кIэлъыплъыжи, мыхъумыщIагъэм дихьэхаи, адэ-анэм емыдаIуи уарохьэлIэ, - жеIэ Заринэ. Пьесэм нэхъыжьхэм ныбжьыщIэхэр щагъасэркъым, балигъ абы хэтыххэкъым. Ныбжьыщlэхэр зэхуос къэхъуар зэхагъэкIын, къуаншэр хэтми къащIэн папщIэ. Театреплъхэм я пащхьэм гузэвэгъуэр щызгъэлъагъуэркъым. Армырми, экранми гъащIэми абы куэду дыщохьэлIэ. Къэхъуар утыкум щызэхагъэкIыу аращ. Театреплъхэри абыкIэ акъылэгъу къыздэхъуу къыслщохъу.

Псом хуэмыдэу лэжьыгъэм Iупщlу къыщыгъэлъэгъуащ язынкъуэ щIалэгъуалэр социальнэ сайтхэм дахьэх къудей мыхъуу, «сымаджэ» ирихъупаи зэрахэтыр. Интернетым итхьэкъуа ныбжьыщIэхэр спектаклым зэрызригъэплъыжам шэч хэлъкъым. Хэт ищIэрэ, дерс къыхахынкIэ хъунщ.

Ди гуапэу фигу къыдогъэкIыж тхылъ пщIы бжыгъэхэр къыдэзыгъэкIа, Хьэмокъуэ Олег и «Узлы» фильмым (2021) и сценарийр зытха Заринэ и Iэдакъэщlэкlхэр урысыбзэкIэ, абхъазыбзэкIэ, нэмыцэбзэкIэ, тыркубзэкIэ, хиндыбзэкIэ зэрызэрадзэкIар, и пьесэхэр хамэ къэралхэм зэрыщагъэлъагъуэр.

**ТЕКIУЖЬ Заретэ.**

# Сабийхэр мыхъумыщIагъэм щыхъумэн

**Къэрал кIуэцI Iуэхухэмкlэ министерствэу КъБР-м щыIэм щекIуэкIа брифингыр теухуат балигъ мыхъуахэр хабзэм емыбэкъуэным, щIэпхъаджагъэхэм щыхъумэным.**

МЫХЬЭНЭШХУЭ зиIэ Iуэхум хэтащ КъБР-м щыIэ МВД-м и къэрал автоинспекцэм и управленэм и унафэщIым и къалэнхэр пIалъэкIэ зыгъэзащIэ Лыджыдэ Рэмэзан, къэрал инспектор нэхъыжь Балъкъэр Заур, участковэ уполномоченнэхэм я лэжьыгъэр къызэгъэпэщынымкIэ, балигъ мыхъуахэм я Iуэхухэмкlэ щIыналъэ къудамэм и инспектор Къэжэр Аскэр.

ЗэIущIэм щытепсэлъыхьащ балигъ мыхъуахэм ялэжь Iуэху мыщхьэпэхэм. Къызэрыхагъэщащи, иужьрей илъэсхэм нэхъыбэ хъуащ бжыгъэ технологиехэр къагъэсэбэпурэ зэрахьэ хабзэншагъэхэр. Балигъ мыхъуахэр хашэ хабзэм ебакъуэу электроннэу ахъшэр зэгъэкIуэкIыным. Абы и лъэныкъуэкIэ адэ-анэхэм чэнджэщ ират набдзэгубдзаплъэу щытыну, я сабийхэм ящIэм я нэIэ трагъэтыну, апхуэдэуи ФНС-м и сайтым налог тынымкIэ кабинетым я банк счётхэр щIэх-щIэхыурэ къыщапщытэну.

- Къэпщытэныгъэм къигъэлъэгъуащ электроннэ ахъшэр балигъ мыхъуахэм куэдрэ къызэрагъэсэбэпыр. 2025 гъэм и гъэмахуэм къыщыщIэдзауэ апхуэдэ щIэпхъаджагъэу 50-м щIигъу ятхащ. Ахэр ялэжьащ илъэс 16 - 29-рэ ныбжьхэм къриубыдэхэм. Илъэсыр къызэрихьэрэ полицэмрэ нэгъуэщI IэнатIэхэмрэ я лэжьакIуэхэр хэту республикэм щекIуэкIащ оперативно-профилактикэ Iуэхухэр. Абыхэм Iуэхуфlхэр кърикIуащ - балигъ мыхъуахэм ехьэлIауэ ялэжьа щIэпхъаджагъэхэр процент 30-кIэ ехащ, - къыхигъэщащ Къэжэр Аскэр.

Брифингым гулъытэ хэха щыхуащIащ сабийхэм я шынагъуэншагъэр гъуэгухэм къыщызэгъэпэщынми.

Лыджыдэ Рэмэзан зэпкърыхауэ тепсэлъыхьащ гъуэгухэм сабийхэр зыщыIууэхэм. Къыхигъэщащ абыхэм я шынагъуэншагъэмкIэ балигъхэм, псом япэрауэ, адэ-анэхэм жэуап зэрахьыр. Мазипщl иримыкъум Къэбэрдей-Балъкъэрым щатхащ балигъ мыхъуахэр зыхэта гъуэгу-транспорт къэхъукъащIэ 40. Абыхэм сабий 42-м фэбжь щагъуэтащ, щы хэкIуэдащ.




- Къыхэзгъэщыну сыхуейт сабийхэр транспортымкIэ къешэкIыным пыщIа хабзэхэр гъэзэщIэным мыхьэнэшхуэ зэриIэр. Иужьрей илъэсхэм къызэрагъэлъагъуэмкIэ, сабийхэм и нэхъыбапIэкIэ фэбжь хьэлъэхэр щагъуэтыр абыхэм хуэщIа шэнтжьеймрэ бгырыпхымрэ къамыгъэсэбэпу къыщрашэкIкIэщ, - къыхигъэщащ Лыджыдэм.

Абы зэрыжиIамкIэ, хуабжьу зыгъэпIейтейхэм ящыщщ балигъ мыхъуахэр рулым зэрыдэсри. Къэрал автоинспекцэм и лэжьакIуэхэм илъэсыр къызэрихьэрэ 232-рэ къыщIагъэщащ шофер тхылъхэр ямыIэу ныбжьыщIэхэм транспортыр зэрагъакIуэу. Къохъу езы адэ-анэхэм машинэм и Iункlыбзэlухыр я сабийхэм щрати, абыхэми гъуэгум тет нэгъуэщIхэми я дежкIэ шынагъуэ кърикIуэу.

ЗэIущIэм хэтахэм къызэрыхагъэщащи, унагъуэм, школым, полицэмрэ жылагъуэмрэ зэщIыгъуу зэдэлажьэмэщ щытыкIэм зыщебгъэхъуэжыфынур, сабийхэр шынагъуэншагъэм щыщIпхъумэфынур.

Брифингым и кIэухым ведомствэм и лIыкIуэхэм журналистхэм я упщIэхэм жэуап зэпкърыха иратащ.

**УЭРДОКЪУЭ Женя.**

# ТВ НЭТЫНХЭР

## Блыщхьэ, жэпуэгъуэм и 26

### 1

**05.00** «Доброе утро»
**09.00, 12.00, 15.00, 03.00** Новости
**09.25** «Модный приговор» (0+)
**10.15** «Жить здорово!» (16+)
**11.00, 12.15, 18.30** «Время покажет»
**14.00, 17.00, 23.00** «Большая игра»
**15.15** Давай поженимся! (16+)
**16.05** «Мужское/Женское» (16+)
**18.00** Вечерние новости
**19.50** «Пусть говорят» (16+)
**21.00** «Время»
**22.00** Т/с «ПОЛНАЯ СОВМЕСТИМОСТЬ» (16+)
**00.10** «Время героев» (16+)
**01.10** ПОДКАСТ.ЛАБ (16+)
**03.05** ПОДКАСТ.ЛАБ

### РОССИЯ 1

**05.00** Утро России
**09.00, 11.00, 14.00, 16.30, 20.00, 03.00** Вести
**09.30** Местное время
**09.55** О самом главном (12+)
**11.30** Вести. Местное время
**12.00, 18.00** «60 минут» (12+)
**14.30, 02.10, 03.30** Т/с «ТАЙНЫ СЛЕДСТВИЯ» (16+)
**17.00** «Малахов» (16+)
**21.10** Вести. Местное время
**21.30** Т/с «ХУДОЖНИК. ПРОДОЛЖЕНИЕ» (16+)
**23.35** Вечер с Владимиром Соловьевым (12+)

### НТВ

**06.00, 08.00, 10.00, 13.00, 16.00, 19.00, 00.20** «Сегодня»
**06.25** «Утро. Самое лучшее» (16+)
**08.25, 10.35** Т/с «ЛЕСНИК. СВОЯ ЗЕМЛЯ» (16+)
**13.25** «Чрезвычайное происшествие»
**14.00** «Место встречи» (16+)
**17.50** «ДНК» (16+)
**20.00** Т/с «ТВЕРСКАЯ. ЗДЕСЬ И СЕЙЧАС» (16+)
**22.15** Т/с «АУТСАЙДЕР» (16+)
**00.40** «Ч.Т.Д.» с Маргаритой Симоньян (16+)
**01.10** Т/с «ТАЙНЫЕ ДВЕРИ» (16+)

### ЗВЕЗДА

**05.25** Х/ф «ДРУЖБА ОСОБОГО НАЗНАЧЕНИЯ» (16+)
**07.00** «Сегодня утром» (12+)
**09.00, 13.00, 17.00** Новости дня (16+)
**09.15** «Открытый эфир». Ток-шоу (16+)
**11.00, 11.50** Под грифом «Секретно»
**12.40, 13.25, 15.05** Т/с «ВОЕННАЯ РАЗВЕДКА. СЕВЕРНЫЙ ФРОНТ» (16+)
**15.00** Военные новости (16+)
**15.25, 17.15** Т/с «ВОЕННАЯ РАЗВЕДКА. СЕВЕРНЫЙ ФРОНТ» (16+)
**18.00** Новости дня (16+)
**19.10** «Скрытые угрозы» с Николаем Чиндяйкиным (16+)
**20.50** «Открытый эфир». Ток-шоу (16+)
**22.35** «Между тем» с Наталией Метлиной (12+)
**23.05** «Герои среди нас». Д/с. 1 с.
**23.45** Х/ф «ЖЕНЯ, ЖЕНЕЧКА И «КАТЮША» (16+)
**01.15** Х/ф «БЕСПОКОЙНОЕ ХОЗЯЙСТВО» (16+)
**02.40** «СССР и Китай. красный шелковый путь». Д/с (16+)
**03.20** «Хроника Победы». Д/с (16+)
**03.45** Т/с «ВОЕННАЯ РАЗВЕДКА. СЕВЕРНЫЙ ФРОНТ» (16+)

### МАТЧ!

**06.00** «Эволюция спорта» (12+)
**07.00, 09.00, 12.40** Новости
**07.05, 19.00, 01.00** Все на Матч! Прямая трансляция
**09.05** «По домам» (12+)
**09.25** Профессиональный бокс. Э. Моралес - И. Дж. Чи. Бой за титул чемпиона мира по версии WBC. Трансляция из США (16+)
**10.40** Футбол. Альфа-банк. Российская премьер-лига. Обзор тура (6+)
**11.45** География спорта (12+)
**12.20** «Специальный репортаж» (12+)
**12.45** Есть тема! Прямая трансляция
**13.55** Бокс. Чемпионат России. Женщины. Финалы. Прямая трансляция из Москвы
**15.55** Греко-римская борьба. Чемпионат мира. Прямая трансляция из Казахстана
**18.00** Спорт.Док (12+)
**19.25** Баскетбол. «Зенит» (Санкт-Петербург) - «Енисей» (Красноярск). Единая лига ВТБ. Прямая трансляция
**21.30** Громко. Прямая трансляция
**22.50** Футбол. «Севилья» - «Осасуна». Чемпионат Испании. Прямая трансляция
**02.00** Волейбол. «Зенит» (Санкт-Петербург) - «Локомотив» (Новосибирск). Чемпионат России. Рольф Суперлига. Мужчины (6+)
**04.00** Новости (0+)
**04.05** Падел. Международный турнир «Москва-2026». Женщины. Матч за 3-е место (6+)

## Гъубж, жэпуэгъуэм и 27

### 1

**05.00** «Доброе утро»
**09.00, 12.00, 15.00, 03.00** Новости
**09.25** «Модный приговор» (0+)
**10.15** «Жить здорово!» (16+)
**11.00, 12.15, 18.30** «Время покажет» (16+)
**14.00, 17.00, 23.00** «Большая игра» (16+)
**15.15** Давай поженимся! (16+)
**16.05** «Мужское/Женское» (16+)
**18.00** Вечерние новости
**19.50** «Пусть говорят» (16+)
**21.00** «Время»
**22.00** Т/с «ПОЛНАЯ СОВМЕСТИМОСТЬ» (16+)
**00.10, 03.05** ПОДКАСТ.ЛАБ (16+)

### РОССИЯ 1

**05.00** Утро России
**09.00, 11.00, 14.00, 16.30, 20.00, 03.00** Вести
**09.30** Местное время
**09.55** О самом главном (12+)
**11.30** Вести. Местное время
**12.00, 18.00** «60 минут» (12+)
**14.30, 02.10, 03.30** Т/с «ТАЙНЫ СЛЕДСТВИЯ» (16+)
**17.00** «Малахов» (16+)
**21.10** Вести. Местное время
**21.30** Т/с «ХУДОЖНИК. ПРОДОЛЖЕНИЕ» (16+)
**23.35** Вечер с Владимиром Соловьевым (12+)

### НТВ

**06.00, 08.00, 10.00, 13.00, 16.00, 19.00, 00.20** «Сегодня»
**06.25** «Утро. Самое лучшее» (16+)
**08.25, 10.35** Т/с «ЛЕСНИК. СВОЯ ЗЕМЛЯ» (16+)
**13.25** «Чрезвычайное происшествие»
**14.00** «Место встречи» (16+)
**16.45** «За гранью» (16+)
**17.50** «ДНК» (16+)
**20.00** Т/с «ТВЕРСКАЯ. ЗДЕСЬ И СЕЙЧАС» (16+)
**22.15** Т/с «АУТСАЙДЕР» (16+)
**00.40** «Захар Прилепин. Уроки русского» (16+)
**01.15** Т/с «ТАЙНЫЕ ДВЕРИ» (16+)

### ЗВЕЗДА

**05.20** Т/с «ВОЕННАЯ РАЗВЕДКА. СЕВЕРНЫЙ ФРОНТ» (16+)
**07.00** «Сегодня утром» (12+)
**09.00, 13.00, 17.00** Новости дня (16+)
**09.15** «Открытый эфир». Ток-шоу (16+)
**11.00, 11.50** Под грифом «Секретно»
**12.40, 13.25, 15.05** Т/с «ВОЕННАЯ РАЗВЕДКА. СЕВЕРНЫЙ ФРОНТ» (16+)
**15.00** Военные новости (16+)
**15.25, 17.15** Т/с «ВОЕННАЯ РАЗВЕДКА. СЕВЕРНЫЙ ФРОНТ» (16+)
**18.00** Новости дня (16+)
**19.10** «Улика из прошлого» (16+)
**20.50** «Открытый эфир». Ток-шоу (16+)
**22.35** «Между тем» с Наталией Метлиной (12+)
**23.05** «Герои среди нас». Д/с. 2 с.
**23.45** Х/ф «У ТВОЕГО ПОРОГА» (16+)
**01.10** Х/ф «ЖЕНЯ, ЖЕНЕЧКА И «КАТЮША» (16+)
**02.30** Х/ф «ДВА БОЙЦА» (16+)
**03.45** Т/с «ВОЕННАЯ РАЗВЕДКА. СЕВЕРНЫЙ ФРОНТ» (16+)

### МАТЧ!

**06.00** «Эволюция спорта» (12+)
**07.00, 09.00, 12.40** Новости
**07.05, 17.05, 20.00, 00.45** Все на Матч! Прямая трансляция
**09.05, 12.20** «Специальный репортаж» (12+)
**09.25** Смешанные единоборства. Г. Хабибулин - А. Грозин. АСА. Трансляция из Омска (16+)
**10.40** Футбол. Чемпионат Италии. Обзор тура (6+)
**11.45** «Герои Мельбурна» (12+)
**12.45** Есть тема! Прямая трансляция
**13.55** Тяжелая атлетика. Чемпионат мира. Прямая трансляция из Китая
**16.00** Д/ф «Спартакиада сильнейших. Путь к Олимпу» (12+)
**17.45** Футбол. «Факел» (Воронеж) - «Ахмат» (Грозный). FONBET. Кубок России. Прямая трансляция
**20.15** Футбол. «Краснодар» - «Динамо» (Москва). FONBET. Кубок России. Прямая трансляция
**22.35** Футбол. «Рома» - «Кальяри». Чемпионат Италии. Прямая трансляция
**02.00** Баскетбол. «Зенит» (Санкт-Петербург) - «Енисей» (Красноярск). Единая лига ВТБ (6+)
**04.00** Новости (0+)
**04.05** Падел. Международный турнир «Москва-2026». Мужчины. Матч за 3-е место (6+)

## Бэрэжьей, жэпуэгъуэм и 28

### 1

**05.00** «Доброе утро»
**09.00, 12.00, 15.00, 03.00** Новости
**09.25** «Модный приговор» (0+)
**10.15** «Жить здорово!» (16+)
**11.00, 12.15, 18.30** «Время покажет» (16+)
**14.00, 17.00, 23.00** «Большая игра» (16+)
**15.15** Давай поженимся! (16+)
**16.05** «Мужское/Женское» (16+)
**18.00** Вечерние новости
**19.50** «Пусть говорят» (16+)
**21.00** «Время»
**22.00** Т/с «ПОЛНАЯ СОВМЕСТИМОСТЬ» (16+)
**00.00** «Шоу Вована и Лексуса» (16+)
**01.00, 03.05** ПОДКАСТ.ЛАБ (16+)

### РОССИЯ 1

**05.00** Утро России
**09.00, 11.00, 14.00, 16.30, 20.00, 03.00** Вести
**09.30** Местное время
**09.55** О самом главном (12+)
**11.30** Вести. Местное время
**12.00, 18.00** «60 минут» (12+)
**14.30, 02.10, 03.30** Т/с «ТАЙНЫ СЛЕДСТВИЯ» (16+)
**17.00** «Малахов» (16+)
**21.10** Вести. Местное время
**21.30** Т/с «ХУДОЖНИК. ПРОДОЛЖЕНИЕ» (16+)
**23.35** Вечер с Владимиром Соловьевым (12+)

### НТВ

**06.00, 08.00, 10.00, 13.00, 16.00, 19.00, 00.20** «Сегодня»
**06.25** «Утро. Самое лучшее» (16+)
**08.25, 10.35** Т/с «ЛЕСНИК. СВОЯ ЗЕМЛЯ» (16+)
**13.25** «Чрезвычайное происшествие»
**14.00** «Место встречи» (16+)
**16.45** «За гранью» (16+)
**17.50** «ДНК» (16+)
**20.00** Т/с «ТВЕРСКАЯ. ЗДЕСЬ И СЕЙЧАС» (16+)

## Махуэку, жэпуэгъуэм и 29

### 1

**05.00** «Доброе утро»
**09.00, 12.00, 15.00, 03.00** Новости
**09.25** «Модный приговор» (0+)
**10.15** «Жить здорово!» (16+)
**11.00, 12.15, 18.30** «Время покажет» (16+)
**14.00, 17.00, 23.00** «Большая игра» (16+)
**15.15** Давай поженимся! (16+)
**16.05** «Мужское/Женское» (16+)
**18.00** Вечерние новости
**19.50** «Пусть говорят» (16+)
**21.00** «Время»
**22.00** Т/с «ПОЛНАЯ СОВМЕСТИМОСТЬ» (16+)
**00.10, 03.05** ПОДКАСТ.ЛАБ (16+)

### РОССИЯ 1

**05.00** Утро России
**09.00, 11.00, 14.00, 16.30, 20.00, 03.00** Вести
**09.30** Местное время
**09.55** О самом главном (12+)
**11.30** Вести. Местное время
**12.00, 18.00** «60 минут» (12+)
**14.30, 02.10, 03.30** Т/с «ТАЙНЫ СЛЕДСТВИЯ» (16+)
**17.00** «Малахов» (16+)
**21.10** Вести. Местное время
**21.30** Т/с «ХУДОЖНИК. ПРОДОЛЖЕНИЕ» (16+)
**23.35** Вечер с Владимиром Соловьевым (12+)

### НТВ

**06.00, 08.00, 10.00, 13.00, 16.00, 19.00, 00.20** «Сегодня»
**06.25** «Утро. Самое лучшее» (16+)
**08.25, 10.35** Т/с «ЛЕСНИК. СВОЯ ЗЕМЛЯ» (16+)
**13.25** «Чрезвычайное происшествие»
**14.00** «Место встречи» (16+)
**16.45** «За гранью» (16+)
**17.50** «ДНК» (16+)
**20.00** Т/с «ТВЕРСКАЯ. ЗДЕСЬ И СЕЙЧАС» (16+)
**22.15** Т/с «АУТСАЙДЕР» (16+)
**00.40** «Мы и наука. Наука и мы» (12+)
**01.45** Т/с «ТАЙНЫЕ ДВЕРИ» (16+)

### ЗВЕЗДА

**05.20** Т/с «ВОЕННАЯ РАЗВЕДКА. СЕВЕРНЫЙ ФРОНТ» (16+)
**07.00** «Сегодня утром» (12+)
**09.00, 13.00, 17.00** Новости дня (16+)
**09.15** «Открытый эфир». Ток-шоу (16+)
**11.35** Под грифом «Секретно»
**12.25, 13.25, 15.05** Т/с «ВОЕННАЯ РАЗВЕДКА. ПЕРВЫЙ УДАР» (16+)
**15.00** Военные новости (16+)
**15.20, 17.15** Т/с «ВОЕННАЯ РАЗВЕДКА. ПЕРВЫЙ УДАР» (16+)
**18.00** Новости дня (16+)
**19.10** «Секретные материалы». Д/с (16+)
**20.50** «Открытый эфир». Ток-шоу (16+)
**22.35** «Между тем» с Наталией Метлиной (12+)
**23.05** «Герои среди нас». Д/с. 3 с.
**23.45** Х/ф «БЕЗ СРОКА ДАВНОСТИ» (16+)
**01.25** Х/ф «НОЧНОЙ ПАТРУЛЬ» (16+)
**03.00** «СССР и Китай. красный шелковый путь». Д/с (16+)
**03.35** Т/с «ВОЕННАЯ РАЗВЕДКА. ПЕРВЫЙ УДАР» (16+)

### МАТЧ!

**06.00** «Эволюция спорта» (12+)
**07.00, 09.00, 12.40** Новости
**07.05, 00.45** Все на Матч! Прямая трансляция
**09.05, 12.20** «Специальный репортаж» (12+)
**09.25** Смешанные единоборства. А. Готье - Т. Вайнс. UFC. Трансляция из США (16+)
**10.40** Футбол. Чемпионат Испании. Обзор тура (6+)
**11.45** «Вид сверху» (12+)
**12.45** Есть тема! Прямая трансляция
**14.05** Женская борьба. Чемпионат мира. Прямая трансляция из Казахстана
**15.45** Футбол. «Оренбург» - «Родина» (Москва). FONBET. Кубок России. Прямая трансляция
**18.00** Футбол. «Ростов» (Ростов-на-Дону) - «Акрон» (Тольятти). FONBET. Кубок России. Прямая трансляция
**20.15** Футбол. «Спартак» (Москва) - «Рубин» (Казань). FONBET. Кубок России. Прямая трансляция
**22.35** Футбол. «Дженоа» - «Ювентус». Чемпионат Италии. Прямая трансляция
**02.00** Баскетбол. ЦСКА - «Бетсити Парма» (Пермский край). Единая лига ВТБ (6+)
**04.00** Новости (0+)
**04.05** Падел. Международный турнир «Москва-2026». Женщины. Финал (6+)

## Мэрем, жэпуэгъуэм и 30

### 1

**05.00** «Доброе утро»
**09.00, 12.00, 15.00** Новости
**09.25** «Модный приговор» (0+)
**10.15** «Жить здорово!» (16+)
**11.00, 12.15, 18.40** «Время покажет» (16+)
**14.00, 17.00** «Большая игра» (16+)
**15.15** Давай поженимся! (16+)
**16.05** «Мужское/Женское» (16+)
**18.00** Вечерние новости
**19.45** «Поле чудес» (16+)
**21.00** «Время»
**21.45** «Голос. Дети». Новый сезон (0+)
**23.25** «Наша новая музыка». Новый сезон (12+)
**00.30** ПОДКАСТ.ЛАБ (16+)

### РОССИЯ 1

**05.00** Утро России
**09.00, 11.00, 14.00, 16.30, 20.00** Вести
**09.30** Местное время
**09.55** О самом главном (12+)
**11.30** Вести. Местное время
**12.00, 18.00** «60 минут» (12+)
**14.30** Т/с «ТАЙНЫ СЛЕДСТВИЯ» (16+)
**17.00** «Малахов» (16+)
**19.15** Д/ф «Не говори «Да» (12+)
**21.10** Вести. Местное время
**21.30** «Ну-ка, все вместе!» (12+)
**23.55** «Истории Большой Страны» (12+)
**00.55** Х/ф «КОМИТЕТ СПАСЕНИЯ» (16+)

### НТВ

**06.00, 08.00, 10.00, 13.00, 16.00, 19.00** «Сегодня»
**06.25** «Утро. Самое лучшее» (16+)
**08.25** Д/с «Мои университеты. Будущее за настоящим» (6+)
**09.25** «Человек в праве» с Андреем Куницыным (16+)
**10.35** «Первая передача» (16+)
**11.10** Т/с «ЛЕСНИК. СВОЯ ЗЕМЛЯ» (16+)
**13.25** «Чрезвычайное происшествие»
**14.00** «Место встречи» (16+)
**16.50** «ДНК» (16+)
**17.55** «Жди меня» (16+)
**20.00** Т/с «ТВЕРСКАЯ. ЗДЕСЬ И СЕЙЧАС» (16+)
**22.15** Т/с «АУТСАЙДЕР» (16+)
**00.20** «Своя правда» с Романом Бабаяном (16+)
**02.10** «Квартирный вопрос» (0+)
**03.00** Х/ф «ЧАС СЫЧА» (16+)

### ЗВЕЗДА

**06.05** Т/с «ВОЕННАЯ РАЗВЕДКА. ПЕРВЫЙ УДАР» (16+)
**08.40** Д/ф «Мастер танковых засад» (12+)
**09.00, 13.00, 17.00, 18.00** Новости дня (16+)
**09.25** Х/ф «АКВАЛАНГИ НА ДНЕ» (16+)
**11.20, 13.25, 15.05** Х/ф «ЖИВЫЕ И МЕРТВЫЕ» (16+)
**15.00** Военные новости (16+)
**16.20, 17.15, 18.40** Т/с «ДАЛЕКО ОТ ВОЙНЫ» (16+)
**22.00** «Здравствуйте, товарищи!» (16+)
**23.30** Х/ф «ИНСПЕКТОР УГОЛОВНОГО РОЗЫСКА» (16+)
**01.05** Х/ф «БУДНИ УГОЛОВНОГО РОЗЫСКА» (16+)
**02.30** Х/ф «КОМИССАР» (16+)
**03.55** «Саперы СВО». Д/с (16+)
**04.35** «Москва фронту». Д/с (16+)

### МАТЧ!

**06.00** «Эволюция спорта» (12+)
**07.00, 09.00, 13.00** Новости
**07.05, 13.05, 21.45** Все на Матч! Прямая трансляция
**09.05** «Небесная грация» (6+)
**09.25** Футбол. FONBET. Кубок России. Обзор (6+)
**10.35** Тяжелая атлетика. Чемпионат мира. Прямая трансляция из Китая
**14.05** Вольная борьба. Чемпионат мира. Прямая трансляция из Казахстана
**18.00** Смешанные единоборства. АСА. Прямая трансляция из Таджикистана
**22.50** Футбол. «Вильярреал» - «Эспаньол». Чемпионат Испании. Прямая трансляция
**01.00** Евротур (12+)
**02.00** Волейбол. «Зенит» (Санкт-Петербург) - «Зенит-Казань». Чемпионат России. Рольф Суперлига. Мужчины (6+)
**04.00** Новости (0+)
**04.05** Бокс. Чемпионат России. Женщины. Финалы. Трансляция из Москвы (16+)

# Щэбэт, жэпуэгъуэм и 31

### 1

**06.00** Телеканал «Доброе утро. Суббота»
**09.00** «Умницы и умники» (12+)
**09.45** «Слово пастыря» (0+)
**10.00, 12.00** Новости
**10.20** Д/ф «Иван Лубенников. Жизнь продолжается» (16+)
**12.15** Поехали! (12+)
**13.20** «Слово не воробей» (12+)
**14.25** «Горячий лед». Фигурное катание. Гран-при России-2026. Этап III. Короткая программа (0+)
**15.50** Т/с «ФОРМУЛА ПРЕСТУПЛЕНИЯ» (16+)
**18.00** Вечерние новости
**18.20** «Сегодня вечером» (16+)
**21.00** «Время»
**21.35** Что? Где? Когда? (16+)
**22.45** «Команды» (16+)
**23.50** «Закрытый показ». Елизавета Боярская, Полина Цыганова в фильме «110»
**02.25** ПОДКАСТ.ЛАБ (16+)

### РОССИЯ 1

**05.00** Утро России. Суббота
**08.00** Местное время. Суббота
**08.35** «По секрету всему свету»
**09.00** «Формула еды» (12+)
**09.25** «Пятеро на одного»
**10.10** Сто к одному
**11.00, 14.00, 17.00, 20.00** Вести
**11.30** «Наши. Военкоры» (12+)
**12.00** «Доктор Мясников» (12+)
**13.00** Большие перемены
**14.30** Вести. Местное время
**14.50** «Юмор! Юмор! Юмор!!!» (16+)
**17.50** «Привет, Андрей!» (12+)
**20.50** Вести. Местное время
**21.00** Х/ф «МЕЖДУ НЕБОМ И ЗЕМЛЕЙ» (16+)
**00.40** Х/ф «ПОЛЕВЫХ ЦВЕТОВ БУКЕТ» (16+)
**04.05** Х/ф «ВЕЧНАЯ СКАЗКА» (16+)

### НТВ

**06.00** «Жди меня» (16+)
**06.55** «Первая передача» (16+)
**07.25** «Смотр» (16+)
**08.00, 10.00, 16.00** «Сегодня»
**08.20** «Поедем, поедим!» (16+)
**09.20** «Едим дома»
**10.20** «Главная дорога» (16+)
**11.00** «Живая еда» с Сергеем Малоземовым» (12+)
**12.00** «Квартирный вопрос» (0+)
**13.15** «Сатья» (16+)
**14.20** «Фобия» (12+)
**15.00** «Своя игра» (0+)
**16.20** ЧП. Расследование (16+)
**17.00** «Следствие вели...» (16+)
**18.00** Д/с «Криминальная Россия. Самые громкие преступления» (16+)
**19.00** «Центральное телевидение» с Вадимом Такменевым
**20.20** «Ты не поверишь!» (16+)
**21.20** «ВИА «Суперстар!» (16+)
**01.00** Квартирник НТВ у Маргулиса (16+)
**02.25** «Дачный ответ» (0+)
**03.20** Х/ф «ПОЦЕЛУЙ В ГОЛОВУ» (16+)
**05.05** Д/с «Криминальная Россия. Самые громкие преступления» (16+)

### ЗВЕЗДА

**04.55** Х/ф «МАКСИМКА» (16+)
**06.10** Х/ф «ЗОЛОТЫЕ РОГА» (16+)
**07.25** Х/ф «АКВАЛАНГИ НА ДНЕ» (16+)
**09.00, 13.00, 18.00** Новости дня (16+)
**09.15** «СССР. Знак качества» с Иваном Охлобыстиным». «Дай прокатиться! Наше двухколесное счастье» (12+)
**10.00** «Не факт!» (12+)
**10.45** Х/ф «РАЗНЫЕ СУДЬБЫ» (16+)
**13.20** Т/с «СЕРЖАНТ МИЛИЦИИ» (16+)
**17.35, 18.25** Т/с «ОПЕРАЦИЯ «ГОРГОНА» (16+)
**22.00** «Фетисов». Ток-шоу (12+)
**22.50** Х/ф «ЖИВЫЕ И МЕРТВЫЕ» (16+)
**02.25** Х/ф «РАЗНЫЕ СУДЬБЫ» (16+)
**04.05** «Саперы СВО». Д/с (16+)
**04.55** Т/с «ДАЛЕКО ОТ ВОЙНЫ» (16+)

### МАТЧ!

**06.00** Смешанные единоборства. Я. Сантос - М. Тейт. UFC. Трансляция из США (16+)
**07.00, 09.00, 12.35, 18.00** Новости
**07.05, 12.40, 18.05, 22.00, 00.45** Все на Матч! Прямая трансляция
**09.05** Д/ф «Роман Костомаров. Рожденный дважды»
**10.45** «Легенды спорта. Моя игра» (6+)
**14.05** Вольная борьба. Чемпионат мира. Прямая трансляция из Казахстана
**19.50** Футбол. «Удинезе» - «Рома». Чемпионат Италии. Прямая трансляция
**22.30** Футбол. «Милан» - «Интер». Чемпионат Италии. Прямая трансляция
**02.00** Смешанные единоборства. Р. Мойкано - Т. Нолан. UFC. Прямая трансляция из США

# Тхьэмахуэ, щэкIуэгъуэм и 1

### 1

**06.00, 10.00, 12.00** Новости
**06.10** Играй, гармонь любимая! (12+)
**06.55** «Часовой» (12+)
**07.25** «Здоровье» (16+)
**08.30** «Золотая коллекция «Союзмультфильма» (0+)
**09.10** «Непутевые заметки» (12+)
**09.30** «Мечталлион» (12+)
**10.15** «Жизнь своих» (12+)
**11.10** «Повара на колесах» (12+)
**12.15** «Будем жить!» (16+)
**13.10** «Видели видео?» (0+)
**14.15** Д/ф «Шерлок Холмс и «Зимняя вишня». Вместе навсегда». К 95-летию со дня рождения Игоря Масленникова (12+)
**15.15** «Горячий лед». Фигурное катание. Гран-при России-2026. Этап III. Произвольная программа (0+)
**16.45** Д/с «MONEYпуляторы. «Развод на любовь-2» (16+)
**18.00** Вечерние новости
**19.00** «Точь-в-точь» (16+)
**21.00** «Время»
**23.00** «Большая игра» (16+)
**00.10** ПОДКАСТ.ЛАБ (16+)

### РОССИЯ 1

**06.05** Х/ф «ОТЕЦ ПОНЕВОЛЕ» (16+)
**08.00** Местное время. Воскресенье
**08.35** «Когда все дома с Тимуром Кизяковым»
**09.25** «Утренняя почта» с Николаем Басковым
**10.10** Сто к одному
**11.00, 14.00, 17.00** Вести
**11.35** Д/с «Рассказы из русской истории» (12+)
**12.55** Судьба человека с Борисом Корчевниковым (12+)
**14.30** Вести. Местное время
**15.00** «Веселые ребята» (16+)
**17.50** «Песни от всей души» (12+)
**20.00** Вести недели
**22.00** «Киселев»
**22.30** Москва. Кремль. Путин
**23.00** Воскресный вечер с Владимиром Соловьевым (12+)
**01.35** Д/с «Рассказы из русской истории» (12+)
**02.50** Х/ф «ОТЕЦ ПОНЕВОЛЕ» (16+)

### НТВ

**06.00** ЧП. Расследование (16+)
**06.35** «Центральное телевидение» (16+)
**08.00, 10.00, 16.00** «Сегодня»
**08.20** «У нас выигрывают!» (12+)
**10.20** «Цифровые расследования» (16+)
**11.00** «Чудо техники» (12+)
**12.00** «Дачный ответ» (0+)
**13.00** «НашПотребНадзор» (16+)
**14.00** «Однажды...» (16+)
**15.00** «Своя игра» (0+)
**16.20** «Человек в праве» с Андреем Куницыным (16+)
**17.00** «Скандалы. Интриги. Расследования» (16+)
**18.00** «Новые русские сенсации»
**19.00** Итоги недели
**20.20** «Ты супер! 10 лет спустя»
**00.00** «Звезды сошлись» (16+)
**01.40** Основано на реальных событиях (16+)
**03.55** «Сатья» (16+)
**04.40** «Фобия» (12+)
**05.15** «Скандалы. Интриги. Расследования» (16+)

### ЗВЕЗДА

**06.50** Т/с «ДАЛЕКО ОТ ВОЙНЫ» (16+)
**6.44 - 7.00** «Спорт хъыбархэр» (урысыбзэкIэ) (12+)
***«ХъыбарыщIэхэр». Тхьэмахуэм къэхъуахэр: 10.00, 14.00***
***«ХъыбарыщIэхэр». Тхьэмахуэм къэхъуахэр: 8.00, 15.00***
***«ХъыбарыщIэхэр». Тхьэмахуэм къэхъуахэр: 12.00, 17.00***
**7.00** - «Си Къэбэрдей-Балъкъэр» (адыгэбзэкIэ) (16+)
**7.40** - «Фэр папщIэ» (адыгэбзэкIэ)
**8.10** - «Си Къэбэрдей-Балъкъэр» (балъкъэрыбзэкIэ) (16+)
**8.45** - «Акъылманла сёзлери». (16+)
**9.00** - «Си Къэбэрдей-Балъкъэр» (урысыбзэкIэ) (16+)
**9.35** - «ПщIэну щхьэпэщ» (урысыбзэкIэ)
**9.45** - «Спорт хъыбархэр» (урысыбзэкIэ)
**10.10** - «Макъамэ» (адыгэбзэкIэ)
**10.40** - «Еджэ - едаIуэ» (адыгэбзэкIэ) (12+)
**11.00** - «Сахна» (балъкъэрыбзэкIэ)
**12.10** - «Театрыр микрофоным Iутщ» (урысыбзэкIэ)
**13.00** - «Си Къэбэрдей-Балъкъэр» (адыгэбзэкIэ) (16+)
**13.35** - «Ди гъусэу зывгъэпсэху» (адыгэбзэкIэ)
**14.10** - «Макъамэ» (адыгэбзэкIэ)
**14.40** - «Фэр папщIэ» (адыгэбзэкIэ)
**15.10** - «Си Къэбэрдей-Балъкъэр» (балъкъэрыбзэкIэ) (16+)
**15.40** - «Акъылманла сёзлери» (12+)
**16.00** - «Сахна» (балъкъэрыбзэкIэ)
**17.10** - «Си Къэбэрдей-Балъкъэр» (урысыбзэкIэ) (16+)
**17.40** - «ПщIэну щхьэпэщ» (урысыбзэкIэ)
**17.50** - «Спорт хъыбархэр» (урысыбзэкIэ)
**18.00** - «Театрыр микрофоным Iутщ» (урысыбзэкIэ)
**19.00** - Макъамэ 99,5-FM (адыгэбзэкIэ)
**19.45** - «Таурхъан» (адыгэбзэкIэ) (6+)
**20.00** - «Орайда» (балъкъэрыбзэкIэ)
**20.25** - «Алтын сыбызгъы» (балъкъэрыбзэкIэ)
**21.00** - Макъамэ 99,5-FM (урысыбзэкIэ)
**21.25** - «Радиус-99,5» (урысыбзэкIэ) (12+)
**21.45** - Усыгъэм и толъкъун (урысыбзэкIэ)
**22.00** - «Утыку» (адыгэбзэкIэ)
**23.00** - «Бора» (балъкъэрыбзэкIэ) (16+)
**23.30 - 24.00** «Акъ тауланы жырлары» (балъкъэрыбзэкIэ)

## «Къэбэрдей-Балъкъэр» ГТРК-м и ТВ

**Блыщхьэ, жэпуэгъуэм и 26**

**7.08, 7.36, 8.08, 8.36** ЩIыпIэ зэман. «Пщэдджыжь». КъБР-м щыхъыбархэр (12+)
**9.30** ЩIыпIэ зэман. КъБР-м щыхъыбархэр (адыгэбзэкIэ, балъкъэрыбзэкIэ) (12+)
**9.45** «Дыгъуасэ. Нобэ. Пщэдей». ЩоджэнцIыкIу Iэдэм къызэралъхурэ илъэси 110-рэ ирокъу (12+)
**11.30** ЩIыпIэ зэман. КъБР-м щыхъыбархэр (12+)
**17.00** «Тхыдэр зыхъумэхэр» (12+)
**17.30** «Больше, чем путешествие» ООО-м и унафэщIым и къуэдзэ Киреев С. допсалъэ (12+)
**21.10** ЩIыпIэ зэман. КъБР-м щыхъыбархэр (12+)

**Гъубж, жэпуэгъуэм и 27**

**7.06, 7.36, 8.06, 8.36** ЩIыпIэ зэман. «Пщэдджыжь». КъБР-м щыхъыбархэр (12+)
**9.30** ЩIыпIэ зэман. КъБР-м щыхъыбархэр (адыгэбзэкIэ, балъкъэрыбзэкIэ) (12+)
**9.45** «Литературэм и дуней». Мечиев Кязим (12+)
**11.30** ЩIыпIэ зэман. КъБР-м щыхъыбархэр (12+)
**17.00** ХьэтIохъущокъуэм и жыг хадэм теухуауэ (12+)
**17.30** Пэжымрэ пцIымрэ: щIалэгъуалэр зыгъэщхьэрыуэ къыхуеджэныгъэхэм щыхъумэн (12+)
**21.10** ЩIыпIэ зэман. КъБР-м щыхъыбархэр (12+)

**Бэрэжьей, жэпуэгъуэм и 28**

**7.06, 7.36, 8.06, 8.36** ЩIыпIэ зэман. «Пщэдджыжь». КъБР-м щыхъыбархэр (12+)
**9.30** ЩIыпIэ зэман. КъБР-м щыхъыбархэр (адыгэбзэкIэ, балъкъэрыбзэкIэ) (12+)
**9.45** Республикэм и еджапIэ нэхъыщхьэхэм коррупцэ къыщымыгъэхъуным теухуауэ
**11.30** ЩIыпIэ зэман. КъБР-м щыхъыбархэр (12+)
**17.00** «ПсапащIэ Iуэху» (6+)
**17.30** «ЦIыху». Филологие щIэныгъэхэмкIэ доктор Аппаев Аскэр (12+)
**21.10** ЩIыпIэ зэман. КъБР-м щыхъыбархэр (12+)

**Махуэку, жэпуэгъуэм и 29**

**7.06, 7.36, 8.06, 8.36** ЩIыпIэ зэман. «Пщэдджыжь». КъБР-м щыхъыбархэр (12+)
**9.30** ЩIыпIэ зэман. КъБР-м щыхъыбархэр (адыгэбзэкIэ, балъкъэрыбзэкIэ) (12+)
**9.45** «Дыгъуасэ. Нобэ. Пщэдей». IутIыж Борис и фэеплъу (12+)
**11.30** ЩIыпIэ зэман. КъБР-м щыхъыбархэр (12+)
**17.00** «Лъэхъэнэм и цIыхуищэ». Ерджынокъуэ Хьэсэнбий (12+)
**21.10** ЩIыпIэ зэман. КъБР-м щыхъыбархэр (12+)

**Мэрем, жэпуэгъуэм и 30**

**7.06, 7.36, 8.06, 8.36** ЩIыпIэ зэман. «Пщэдджыжь». КъБР-м щыхъыбархэр (12+)
**9.30** ЩIыпIэ зэман. КъБР-м щыхъыбархэр (адыгэбзэкIэ, балъкъэрыбзэкIэ) (12+)
**9.45** «Дынэсу» адыгэ хабзэр къагъэщIэрэщIэж (12+)
**11.30** ЩIыпIэ зэман. КъБР-м щыхъыбархэр (12+)
**17.00** «Культурный код». Дагъыстэн (12+)
**17.30** «Сыбзылъхугъэщ». Аккизовэ И. (12+)
**21.10** ЩIыпIэ зэман. КъБР-м щыхъыбархэр (12+)

**Щэбэт, жэпуэгъуэм и 31**

**8.00** ЩIыпIэ зэман. КъБР-м щыхъыбархэр (12+)
**8.20** Лъэпкъ проектхэр Шэрэдж щIыналъэм зэрыщагъэзащIэм теухуауэ (12+)
**14.30** ЩIыпIэ зэман. КъБР-м щыхъыбархэр (12+)
**20.50** ЩIыпIэ зэман. КъБР-м щыхъыбархэр (12+)

**Тхьэмахуэ, щэкIуэгъуэм и 1**

**8.00** ЩIыпIэ зэман. Федеральнэ щIыналъэм щыхъыбархэр (12+)
**8.20** Си унагъуэр фIыуэ солъагъу (12+)
**14.30** ЩIыпIэ зэман. «Тхьэмахуэ зэхуаку хъыбархэр» (12+)

## *«Россия 24» «Къэбэрдей-Балъкъэр» ГТРК-м и ТВ*

**Блыщхьэ, жэпуэгъуэм и 26**

**15.00** ЩIыпIэ зэман. «Россия 24». «Тхьэмахуэм къриубыдэ хъыбархэр» (12+)
**17.30** ЩIыпIэ зэман. «Россия 24». КъБР-м щыхъыбархэр (12+)
**17.45** ЩIыпIэ зэман. «Россия 24». Репортаж щхьэхуэ (12+)
**20.00** ЩIыпIэ зэман. «Россия 24». КъБР-м щыхъыбархэр (12+)

**Гъубж, жэпуэгъуэм и 27**

**17.30** ЩIыпIэ зэман. «Россия 24». КъБР-м щыхъыбархэр (12+)
**17.45** ЩIыпIэ зэман. «Россия 24». Интервью (12+)
**20.00** ЩIыпIэ зэман. «Россия 24». КъБР-м щыхъыбархэр (12+)

**Бэрэжьей, жэпуэгъуэм и 28**

**17.30** ЩIыпIэ зэман. «Россия 24». КъБР-м щыхъыбархэр (12+)
**17.45** ЩIыпIэ зэман. «Россия 24». Репортаж щхьэхуэ (12+)
**20.00** ЩIыпIэ зэман. «Россия 24». КъБР-м щыхъыбархэр (12+)

**Махуэку, жэпуэгъуэм и 29**

**17.30** ЩIыпIэ зэман. «Россия 24». КъБР-м щыхъыбархэр (12+)
**17.45** ЩIыпIэ зэман. «Россия 24». Интервью (12+)
**20.00** ЩIыпIэ зэман. «Россия 24». КъБР-м щыхъыбархэр (12+)

**Мэрем, жэпуэгъуэм и 30**

**17.30** ЩIыпIэ зэман. «Россия 24». КъБР-м щыхъыбархэр (12+)
**17.45** ЩIыпIэ зэман. «Россия 24». Репортаж щхьэхуэ (12+)
**20.00** ЩIыпIэ зэман. «Россия 24». КъБР-м щыхъыбархэр (12+)

**Щэбэт, жэпуэгъуэм и 31**

***Лажьэркъым***

**Тхьэмахуэ, щэкIуэгъуэм и 1**

**13.00** ЩIыпIэ зэман. «Россия 24». «Тхьэмахуэм къриубыдэ хъыбархэр»

# Шэрэджыжь и даущ макъыр и псэм хэлъу

**Шэрджэс Анатолэ (нэхъыбэр къызэреджэр Толэщ) зэи иужэгъуркъым и лъапсэм пэгъунэгъуу щежэх, и сабиигъуэр зи Iуфэм щихьа Шэрэджыжь и даущ макъыр. Иужэгъун дэнэ къэна, и псэм къедэхащIэу къыфIэщIу, а макъым Iэфlу щIожеикI. И хьэблэдэс цIыкIухэр щIыгъуу мащIэрэ щыджэгуа абы ныджэм. Мащlэ и нэгу щIэкIа езы Шэрэджыжьи - гуфIэгъуи гузэвэгъуи. Иджыри, и ныбжьыр хэкIуэтами, Толэ фIэфIщ зэм-зэм псыхъуэм дыхьэу и сабиигъуэр и нэгу къыщIигъэхьэжын, и дэджэгуэгъуу щыта, зи дунейр зыхъуэжа и ныбжьэгъу-жэрэгъухэр игу къигъэкIыжын.**

ЗАУЭМ ипэкIэ Аушыджэр щыпсэуа Шэрджэс Щэлэуат пщIэ зиIэ цIыхут. ИIэнтэкъэ, адыгагъэр, цIыхугъэр зыгъэнэхъапэ щIалэт, щIэныгъэфI бгъэдэлъти, жылэ сабийр иригъаджэу школым уват. Ауэ фыгъуэ-ижэхэм ар хуиту щагъэлэжьакъым я къуажэм - нэгъуэщI жылэхэм кIуэурэ, щIэблэм щIэныгъэ яригъэгъуэтащ.

И щхьэгъусэ Таужанрэ абырэ зэдагъуэтат бынитI: Зосэрэ Толэрэ. Арщхьэкlэ Щэлэуат и сабийхэм гу ящихуэну иухатэкъым: фронтым дашри къигъэзэжакъым. Толэ ноби хуэухыркъым и анэр зыхэта гугъуехьыр, дилъэгъуа бэшэчагъыр. КIуэаракъэ, гъущIыпсэ Iутми ярейт. ЩIалэ цIыкIум, дауи, хузэфIэкIымкIэ зыщIигъакъуэрт къэзылъхуам, ауэ етIысэх, псэху имыIэу и анэр зэрылъэуджыджэр, езэшми, быным зарызакъримыгъащIэр нэхъ къэжэпхъа нэужьщ щIалэщIэм и акъылым къыщитIэсар.

- Толэ си благъэ дыдэщ, - жеIэ мэкъумэш хозяйствэмкIэ министру щыта Къущхьэ Амырхъан, - дэ тIур зэдэлъхузэшыпхъум дыкъалъхуащ. Си адэ-анэм къуэуэ сэ зырат яIэри, Толэ шынэхъыжьыфIу, сыщынэхъ цIыкIум къысщхьэщыжу, сыт и лъэныкъуэкIи щIэгъэкъуэну сиIэу, сэри схузэфIэкIымкIэ сэбэп сыхуэхъуу дыкъыздэтэджащ. Абы игу къызэригъэкIыжымкIэ, школым ику иту щеджахэм ящыщщ. Ауэ и анэр, и лъэпкъыр щигъэукIыта къыхуихуакъым - жыIэмыдаIуэу, зэраныгъэ гуэрхэр ищIэу и хабзакъым, «уи щIалэм мыр и дагъуэщ» жаIэу и анэр школым зэи



ираджакъым. ЩIалэ цIыкIу сабыру, имыIуэху зэримыхуэу еджапIэм щIэсащ.

Школ нэужьым Толэ щIотIысхьэ медучилищэм икIи дзэлулъхьэ IэщIагъэр игъуэтауэ ар къызэренэкI. Абы иужькIэ Жэмтхьэлэ къуажэм ягъакIуэ а жылэм дзэ дохутыру щагъэлэжьэну. Арщхьэкlэ, мазэ иримыкъущ Жэмтхьэлэ зэрыщагъэIар - дзэм щеIэзэу ди республикэм щыIэ поликлиникэ нэхъыщхьэм и унафэщI Тхьэзэплъыж TIулэ и лъэIукIэ районым и щыхьэр Советскэ къуажэм дэт сымаджэщым мэув и IэщIагъэм ирилэжьэну.

Илъэс 50 - ар зэманышхуэщ. Апхуэдиз илъэскIэ Толэ Iутащ а зы Iэнатlэм. Хэти къыгурыIуэу къыщIэкIынщ - дзэр тэмэму Iуплъхьэныр жэуапышхуэ зыпылъ лэжьыгъэщ. ЦIыхур хуиту иришхэу, игъэтыншу а Iуэхур зэфIэбгъэкIын папщIэ Iэзагъышхуэ пхэлъу ущытын хуейщ. Абы ухуэмыIэижьмэ, цIыхури уи деж къэкIуэнукъым икIи уагъэлэжьэнукъым. Ар къыгурыIуэрт Толи, зэпымыууэ хущIэкъуащ и Iэзагъэм зэрыхигъэхъуэным - щхьэхакъым, дзэ Iуэхукlэ гукъеуэ зиIэ цIыхухэм заригъэлIэлIащ. А Iэнатlэр Iэхъуэгъуэтегъэкlыу узыбгъэдыхьэ хъуну лэжьыгъэтэкъым.

А зэрылэжьа илъэс 50-м къриубыдэу ар цIыхуу зэIэзам, зи нэр игъэплъэжам я бжыгъэр лъытэгъуейщ. Дапщэм фIыщIэ къыхуащIа, дапщэм я щытхъу къилэжьа «ди дзэр тхуIуплъхьэри дыбгъэтыншыжащ» жаIэу. Абы я бжыгъэр езы дыдэми ищIэжу къыщIэкIынкъым.

ЗдэкIуам, Советскэм, (1991 гъэ лъандэрэ Къэщкъэтащ) унэ къыщратат Толэ, арщхьэкIэ ар псэупIэ ищIын идакъым щхьэусыгъуитIкIэ. Нэхъыбэу щIимыдар гугъуехь минхэр зышэчу, къыteубгъуауэ зыпIа, езыгъэджа и анэр и закъуэу пщIантIэм къыхудэнэнутэкъым. КъыкIэлъыкIуэрауэ, къыщыхъуа и хьэблэр, и жылэр, и лъапсэр хуэщIынутэкъым Iэщlыб...

Илъэс 86-рэ уи щIыбагъ щыдэлъкIэ уигу къэбгъэкIыжын уи мащIэ - и гъащIэ гъуэгуанэм ироплъэжри, нэхъыжьыфIым зэрегъапщэ и къэжэпхъыгъуэ-щIалэгъуэ зэманымрэ нобэ ди псэукIэ-зэхэтыкIэ хъуамрэ.

- Нэхъапэм, 50 - 60 гъэхэм, къуажэдэсыр дыхуэмыщIауэ дыкъэпсэуащ, - жеIэ Толэ, - ауэ абы щыгъуэ зым имыIэмкIэ адрейм зыщIигъакъуэрт, зэпэIэбэрт, зыгуэрым псэуалъэ къригъэжьамэ, хьэблэри Iыхьлыри ежэрти унэр щIыхьэхукIэ къыдращIейрт. ЦIыхур зэхуэгуапэт, зэхуэIэфIт, зэкIэлъыкIуэрт. Жэм къаш зимыIэу унагъуэ закъуэтIакъуэххэ фIэкIа дэстэкъым жылэм. Жэм къэзымышым е сабий куэд зиIэ унагъуэшхуэм мэрем пщыхьэщхьэшэр хуахьырт. Нобэ сыт дызыхуэкIуар? Уэрей, къуажэдэсым и нэхъыбэм ди унэлъапсэр зэпэщым, шхын дыхуэмыныкъуэ, щыгъынри хьэпшыпри къыдэлеижу диIэм, машинэр жылэм щыкуэдым, ауэ сыт - мылъкур япэ идгъэщу адыгагъэр тIэкIу лъэныкъуабэ хъуауэ, гущIэгъу, гумащIагъ жыхуэпIэхэр щIагъуэу къидмыдзэж хуэдэу къысщохъу. Япэм хьэгъуэлIыгъуэр ди унэм щедгъэкIуэкIыу щытащ. Абы щыгъуэ ди унэхэри нэхъ цIыкIут. Иджы унэ домбей диIэми, ди гуфIэгъуэр ресторанхэм дохь.

Дауи, Толэ фIыуэ къыгуроIуэ гъащIэр и пIэм зэримытыр, дыхуей-дыхуэмейми, ди хабзэм, ди псэукIэм зэхъуэкIыныгъэ зэригъуэтынур, итIани, абы игу къоуэ и щIалэгъуэм цIыхур зэрызэхущытамрэ иджы зэрыхъуамрэ шурэ лъэсрэ зэразэхуакур.

Нобэ Толэ Аушыджэр дэс Шэрджэсхэ я нэхъыжьщ. Щыпсэу хьэблэми, къызыхэкIа лъэпкъми, жылэми пщIэшхуэ щиIэщ. Iуэхушхуэ къезыхьэжьэ и благъэ-Iэулэдыр абы и деж къокIуэ къечэнджэщыну. Гъащlэ и пIалъэ фIыуэ зыщIэ лIыр, дауи, абыхэм къахуэщхьэпэн чэнджэщкIэ ядэмыгуашэу къанэркъым. Дауи, Шэрджэсхэ я насыпщ апхуэдэ нэхъыжьыфI, лIы губзыгъэ къазэрыщхьэщытым къыхэкIыу.

Толэ иIэщ унагъуэ дахэ. Абы и щхьэгъусэ Ринэ Борсэхэ япхъущ, Псыгуэнсу щыщщ. Зэщхьэгъусэхэм зэдапIащ хъыджэбзитIрэ зы щIалэрэ - Аллэ, Iоксанэ, Заур сымэ. Аллэ Аушыджэр школым пэщIэдзэ классхэр щрегъаджэ, Iоксанэ Дубки хьэблэм дэт сабий поликлиникэм Iутщ, Заур Бэрбэч ХьэтIутIэ и цIэр зезыхьэ Къэбэрдей-Балъкъэр университетым щолажьэ, химие щIэныгъэхэмкIэ кандидатщ, доцентщ. Абы и щхьэгъусэ Элли университетым щолажьэ, филологие щIэныгъэхэмкIэ кандидатщ. Я бынхэм къатехъукIыжауэ Толэрэ Ринэрэ яIэщ я гурыфIыгъуэу, я дунейр щIэщыгъуэ къыщащIу хъыджэбзитIрэ зы щIалэрэ.

Зэрыцlыкlурэ лажьэу есар, ныбжьыфI къигъэщIа пэтми, Iуэхуншэу пхущысынукъым. Апхуэдэщ Толи. Хадэ хъарзынэ иIэщи, абы щопэщащэ, унагъуэ Iуэхухэм хузэфIэкIыр хелэжьыхь. Гумызагъэщ, тэмакъкIыхьщ, Iуэху гуэр кърихьэжьэн ипэ ар зэрызэфIигъэкIыну щIыкIэм емыгупсысауэ, кхъузанэм щIимыгъэкIауэ иужь ихьэркъым. Къимыдэкlэ, «Адыгэ псалъэ» газетым зы гъи къэмынэу Iэ тредзэ, зэщхьэгъуситIым абы итхэр яфIэфIыпсу щIаджыкI. Апхуэдэу абы шахматыр зыхилъхьэ щыIэкъым.

Шэч хэмылъу, къытщIэтаджэ щIэблэм я дежкIэ щапхъэ телъыджэщ Толэ хуэдэ къуажэдэс къызэрыгуэкIхэм, лажьэшхэжу къэгъуэгурыкIуэхэм, адыгагъэр, цIыхугъэр зыгъэнэхъапэхэм, ди адэжьхэм яхэлъа хабзэфIхэр зыдэплъагъу цIыхухэм я гъащIэр, я дуней тетыкIэр. Ди гуапэщ, Толэ, уи лъэпкъым, хьэблэм, жылэм чэнджэщкIэ уахуэщхьэпэу, уи унагъуэм, уи щIэблэм я фIым дэрэжэгъуэ къуиту илъэс куэдкIэ уахуэузыншэну.

**САУТ Сулътlан.**

# КуэдкIэ щыгугъыу

**Курыт щIэныгъэ щрагъэгъуэт Iуэхущlапlэхэм ныбжьыщIэхэр дэзыхьэх Iуэхугъуэ зэмылIэужьыгъуэхэмкIэ зыщрагъэузэщI, «Зыужьыпlэ» («Точка роста») фIэщыгъэр зиIэ центрхэр къызэIуахыу зэрыхуежьэрэ илъэс зыбжанэ хъуащ. Жэрдэм дахэр къыхэзылъхьахэр зыхущIэкъур зыт: сабийхэм Iэмалыншэу зрагъэгъуэтын хуей щIэныгъэм къыдэкIуэу, дэзыхьэх Iуэхухэмкlи есэныгъэхэр ягъэгъуэтынырт. Егъэджэныгъэ Iэнатlэм блэкIа илъэс зыбжанэм щекIуэкIа зэхъуэкIыныгъэхэм уащыхэплъэкIэ, мы гукъэкIыр нэхъ щIагъуэхэм зэращыщыр, сабийхэр «Зыужьыпlэхэм» яфIэфIу зэрекIуалIэр наIуэ хъуащ. Апхуэдэу Бахъсэн къалэм дэт курыт еджапIищым гъэ еджэгъуэщIэм ирихьэлIэу къыщызэIуахащ естественно-щIэныгъэ унэтIыныгъэ зиIэ центрхэр.**




«ЕГЪЭДЖЭНЫГЪЭ» лъэпкъ программэм ипкъ иткIэ щIыналъэхэм щылажьэ «Иджырей еджапIэ» къэрал пэхуэщIэм тету апхуэдэ центрхэр къыщызэIуахащ. Щоджэнцlыкlу Алий и цIэр зезыхьэ курыт еджапIэ №2-м, Цагъуэ Нурий и цIэр зезыхьэ курыт еджапIэ №9-м, курыт еджапIэ №11-м. Центрхэр къыщызэIуаха Iуэхущlапlэхэм илъэс Iэджэ лъандэрэ химиер, биологиер, физикэр щрагъэдж къэрал программэхэм къызэрагъэувым нэхърэ нэхъ кууущ. Апхуэдэ лэжьэкIэм хуэгъэпсащ еджапIэхэм я техникэ Iэмалхэри - псори къэралым егъэджэныгъэмкIэ къищта мардэхэм хуокIуэ, лъэщапIэхэмрэ лабораториехэмрэ зыхуей-зыхуэныкъуэ технологиещIэхэмкIи къызэгъэпэщащ.

«Зыужьыпlэ» центрхэр бжыгъэрылъанэ Iэмалхэр тегъэщIапIэ зыщI егъэджэныгъэм и дэIэпыкъуэгъущ. Естественнэщlэныгъэ, техникэ, гуманитар унэтIыныгъэхэр къыхэзыхыу ахэр нэхъ убгъуауэ езыгъэджыну жэрдэм зыщI еджапIэхэр зэрылажьэ программэхэм къызэщIаубыдэ Iуэхугъуэхэр къызэрырахьэлIэ, сабийхэм я зэфIэкIхэм хэзыгъахъуэ, я щIэныгъэр зыгъэкуу зэхуэсыпIэщ, жыпIэнурамэ, щIэныгъэ къигъэхъуапIэщ.

- Къэбэрдей-Балъкъэрым егъэджэныгъэмрэ щIэныгъэмрэ ехьэлIауэ Iуэхугъуэ зэмылIэужьыгъуэ куэд зэрыщекIуэкIыр щэхукъым. ЩIыналъэм къыщыхалъхьэ жэрдэмхэм Бахъсэн къалэри жыджэру хэтщ. Апхуэдэщ «Зыужьыпlэкlэ» зэджэ центрхэри. Абдеж щIэх-щIэхыурэ къыщызэрагъэпэщ щIэнIуатэхэр, Iэнэ хъурейхэр, дерс дамэдазэхэр. Утыкум къралъхьэ щIэныгъэр нэхъ нэрылъагъу ящIын папщIэ, егъэджакIуэхэми сабийхэми центрхэм я Iэмалхэр шэщIауэ къагъэсэбэп. «Егъэджэныгъэ» лъэпкъ программэм и фIыгъэкIэ «Зыужьыпlэ» центрхэм хуэдэ ди еджапIищым къыщызэIутхыну Iэмал дгъуэтащи, дыщогуфIыкI. ДыщIэпсэури дыщIэлажьэри ди щIэблэращ. Абыхэм нобэ етт зэхэщIыкIырщ я дуней лъагъукIэм зезыгъэужьынур, абыхэм еджапIэм щIах щIэныгъэрщ ди псэукIэмрэ щыIэныгъэмрэ зэIузэпэщ зыщIынур. Дяпэкlи тлъэкI къэдгъэнэнукъым ди ныбжьыщIэхэм яфI зыхэлъ пэхуэщIэхэр еджапIэхэм хэпща хъун папщIэ», - жиIащ Бахъсэн къалэм егъэджэныгъэмкIэ и Iуэхущlапlэм и унафэщI Борэн Маринэ.

**ШУРДЫМ Динэ.**

# Фом хэна бадзэ

## Iуэтэж

**Хьэпшыпыфl зыщl фирмэ псори я дамыгъэхэмкlэ къыбоцlыху. «Эпл»-м и мыlэрысэ ныкъуэшхыр, «Билайн»-м и бжьэр, «Адидас»-м и тхьэмпищыр – куэд мэхъу нэм едэхащlэ, гур зыгъэхуабэ, щэн-щэхуэнми мыхуэмыхуу хуэщхьэпэ а сурэт цlыкlухэр.**

ДИ ЛЪЭНЫКЪУЭМ нэхъ щыцlэрыlуэр «Фохэнэ» жыхуаlэращ. Щэкl зэфэзэщым къыхэщlыкlа щыгъыным къетlэтlэх фо гъуэжьычым бадзэ фlыцlэ хэнауэ хэсщ – аращ зэрыхъур. Зым а сурэтыр и дамэ лъэныкъуэм хуегъазэ, адрейм - и бгъэгум, ещанэм - и щlыбым, бостеикlэм е гъуэншэдж лъапэм. Сытми, иужьрей илъэс зытlущым фом хэна бадзэм и мэ зыщымыуа фэилъхьэгъуэр модэм къыкlэрыхуауэ ябж. Си насып кърихьэкlри, ар къэзыгупсыса дизайнерыр щагъэпсэлъа санэхуафэм срихьэлlат, ауэ иджырхэми шэчышхуэ къытызохьэ абдежым щызэхэсхам. Ахъшэ къызэлъэлъэххэм зыгуэр зэрызэхаджэр хэт зымыщlэр? Данизэ (арат цlыхубзым и цlэр) дызэрытригъэуа шыпсэри пщэдджыжьым щыщlэдзауэ жэщ хъуху и щхьэр къимыlэту лажьэ дэрбзэрым къыщыщlауэ къызыфlэгъэщlыгъуейщ. И гукъэкlыжхэм фlыуэ хэусыхьауэ си гум жеlэ, фирмэ дэхуэхар зы теплъэгъуэ нэlурытым къыдихыжауэ ди фlэщ ищlын папщlэ. lуэхум губзыгъагъэу е бзаджагъэу ирахьэлlар фыбзыщl къыжраlамэ, къагупсысагъэнщ. Кlуэ, Данизэ пцlыупсыфэ есплъауи жысlэркъым. Къэхъункlэ lэмал зимыlэхэмкlэ иужькlэ сеупщlыжын си мураду, зыри дэзмыгъэхуу езгъэтхащи, фэри зытевгъэу.

«Хэхъуэ щlагъуэ зимыlэж ди фирмэр зэхуащlыжыным нэсат. Зызэман яхузэрымыгъэгъуэту щыта ди хьэпшыпхэр хэт цехым зэтефыхьу щlэлът, хэти тыкуэнхэм щызэхэзедзэнт. Ди фlыгъуэм зэрыкъэралу тхуапэу щытащ дэ. Иджы ди лэжьакlуэхэр нэхъ lэзэ, ди щэкlхэри нэхъ гуакlуэ зэрыхъуам щхьэкlэ къэмынэу, хамэ къэралхэм кърашхэр нэхъ пудти, дыпщlэншэрыдэт. Модэм улъэщlэмыхьэмэ, зыри и мыхьэнэкъым уи сатырхэр зэрызахуэми, уи дыпlэхэр зэрыбыдэми, уи джанэхэр, бостейхэр, бэлътохэр, гъуэншэджхэр зэрыдахэми. Ящэхумрэ щlэупщlэ зиlэмрэт фирмэм мылъку къыхуэзылэжьри, тедгъэкlуадэр къытхэхъуэм нэхърэ нэхъыбэщ жаlэурэ, дэрбзэрхэм ди бжыгъэм хагъэщlын lэуэлъауэ щlэх-щlэхыурэ къэlурт. Фlыгъуэр зыхуищlэн ди цехым и тхьэмадэ Дибир занщlэу lуэхум хэлъадэхэм ящыщкъым. Зыри дыlуигъэкlын идакъым. Итlани, хъыбарыфl зэхэтхыным дыщыужауэ, япэу мывэ зытехуэнур хэту пlэрэ жытlэу, ди зэхуакум дзыхь дэлъыжтэкъым.

Адрей цеххэр зэщагуэри, нэщl хъуа я пэшхэр дунейм темыхуэж шхапlэхэм иратат, щlэсыпщlэ къыlахын папщlэ. Дэри арагъэнт къытпэплъэр. Арщхьэкlэ, сыт щыгъуи жыжьэрыплъэу щыт Дибир нэхъыщхьэlуэхэр зэхъуэпсэнкlи хъуну ди кlэлындорышхуэм пэш цlыкlу зыбжанэ къыхищlыкlщ, машинэщlэхэр тхущlигъэувэри, апщlондэху тlурытlощырыщу щlэса дэрбзэрхэр зырызу дащlигуэшащ, уэршэрыпlэ димыlэмэ, нэхъыбэ зэрытхуэдынур ищlэу.

Щыгъыныр ящэхун папщlэ, е пудрэ фlыуэ зы фэилъхьэгъуэ лlэужьыгъуэ закъуэ куэду къыщlэбгъэкlын, е лъапlэрэ зыми емыщхьу щlэ гуэр къебгъэжьэн хуейщ. А тlумкlи зыри зытедгъакlуэртэкъым ди цехым. Нэхъыфlу дэхэр ди дежт щылажьэр. Сэ нэхъыбэу къыслъысыр джанэхэрт, ауэ бзыпхъэхэм, щэкlым тебгъауэ хъуну сурэтхэм сепэщэщын си хьэлти, зырыз дызэращlар сфlэфl дыдэт.

«Интернетым зыщыфплъыхь, мыр щыстlэгъарэт жыпlэу, щlэщыгъуэ гуэр къэвгупсыс, зекlуэр, цlыхухэм къалъыхъуэр, зыгъэтыншыр къафщlэ», - къыджиlэ зэпытт Дибир. Зигу илъ щlалэт езыр, нэхъыщхьэхэм задригъэкlуу щытми, езым и lуэху еплъыкlэр жыжьэ иримыхьэкlыу. Дэ тхуэдэ дэрбзэр lэзэ щымыlэу махуэ къэс къыджиlэн зэрымыщхьэхым дигухэр иудыгъуэджэ ищlауэ, дагъуэ къытхуэзыщlыну псоми дахуэгъэзат.

Лажьэ яlэтэкъым къыщlэдгъэкl щыгъынхэм, пэжыр жыпlэмэ. Ауэ ди цlэр хуабжьу lуным фирмэм и фейдэ хэлътэкъым. Зыдар къызэращlэу, налогхэм хэхъуэнути, щыгъыныр нэм къыфlэмынэмэ, нэхъ къащтэнут. Рекламэр яфlэлъапlэт. Щэхуакlуэм дзыхь къыпхуищlын папщlэ, нэгъуэщl мыхъуми, этикеткэ уиlэн хуейтэкъэ? Фирмэр зыгъэлажьэхэм хэхъуэр я жагъуэтэкъым, дауи, ауэ хабзэншагъэкlэ зэрахьэр зыхуэдизыр езыхэм ящlэжырти, lуэхум щlэ гуэр халъхьэ нэхърэ, гу зылърамыгъатэным нэхъ траухуат. Апщlондэху хэлъэт зиlэ тыкуэнтесхэм ди джанэгъуэншэджхэм дамыгъэ нэпцlкэр трагъауэурэ, хъуэпсэгъуэу зэкlуэцlалъхьэжырти, хамэ къэралхэм къраша фlэкlа умыщlэу, я уасищ-плlым нэс къыщlахырт.

Илъэс бжыгъэкlэ зы пэш бдэзыгуэша лэжьэгъур ныбжьэгъу, lыхьлы пэлъытэ пхуохъу. Щыгъын гъэхьэзырыныр гуп лэжьыгъэщ: зым ебз, адрейм зэгуедэ, ещанэм lэщхьэхэр фlегъэзагъэ, и кlэр е и лъапэр щlэзыдэр щхьэхуэщ. Узэупщlыжу, узэчэнджэщу фlэкlа хъуркъым. Зы цlыхум и еплъыкlэкlэ псоми ягу ирихьын джани бостеи къыпхуэгупсысынукъым. Щlыlу-lуданэхэр къэтлъыхъуэ зытщlми, машинэ дагъэ дыхуэныкъуэми, дахэ-мыдахэм дыщlэупщlэми, зы пэшым дыщlэкlым адрейм дыщlыхьэурэ, мазэ зытlущ, дызэресауэ, дгъэкlуащ. Ауэрэ дэ езым гу лъыттэжу, лэжьыгъэми lэщlагъэми lэфl къащlыхьэжри, сэлам къыдэзыхэр щlэмыкlыжынкlэ дыгузавэу, дэн-бзэным дитхьэкъужат, зырыз дызэращlрэ. Ди улахуэм хагъэхъуэн зэрыщlадзэжари зыкъызэрыдужьыжым и щыхьэтт. Компьютерым игъадэ машинэхэм я зэфlэкlыр абрагъуэщ, зыпхуегъасэмэ. Дибир и чэзум къытхилъхьа зэхъуэкlыныгъэ псоми нэрылъагъуу дыкъагъэщlэрэщlэжат.

Узэшыныр хущхъуэшхуэщ. Ущызэшым дежщ узыхуей дыдэр къыщыбгурыlуэр. Апхуэдизу си lэщlагъэр фlыуэ слъагъурэ пэт, иужьрей илъэсхэм дыкlэщlэ, бзыпхъэщlэ къыхэслъхьэным сыщыужат, ядэнукъым жысlэу. Иджы зыри зэран къызэрысхуэмыхъум си дуней хужь-фlыцlэр щхъуэкlэплъыкlэ ищlын щlидзэжауэ, япэм ещхьу, лэжьакlуэ сыщыкlуэкlэ, си гур къилъэтырт. Хьэпшып бжыгъэр иридгъэкъунратэкъым Дибир иджы зыхуейр. Унафэщlышхуэхэр къехъурджауэ щхьэкlэ къимыгъанэу, хахуэу щlэ гуэр хэтлъхьэным дытригъэгушхуэрт. Дэнрэ бзэнрэ зыфlэфlхэрат, дауи, абы жиlэр зи тхьэкlумэ ихьэр. Зырызу дызэрыщlэс лъандэрэ, зыщlезыгъэххэм гу нэхъ ялъыптэу хъуати, Дибири лажьэмрэ мылажьэмрэ зэхигъэкlын щlидзат, япэм ещхьу, хьэпшып хьэзырым тримыщlыхьу. Итlани, сытыт а псом и мыхьэнэр, хы адрыщlым кърашым жыжьэрэ гъунэгъуу упамыщlмэ?!

Бжьыхьэрат пэшыщlэхэм зырызу дыщыщlагуэшари, зигъэлlэну зимымурад зы бадзэшхуэ си гъусэу ныщlэзэрыхьауэ къыщlокl. Щlымахуэр занщlэу къэсыркъым-тlэ, ди пэшхэри мыlейуэ ягъэплъ. Щхьэгъубжэр lусхмэ, щlэлъэтын си гугъэу, зыкъомрэ дыкъызэрехуэкlащ бадзэмрэ сэрэ. Арщхьэкlэ, нэгъуэщl пэшхэми щалъэгъуауэ къызжаlэ щхьэкlэ, и унэ дыдэу ибжыр сысейрат. Щlэлъэтын дэнэ къэна, пщэдджыжьым бжэр зэрыlусхыу, зыкъызидзырт, къыспэплъам ещхьу, си lэхэм, си плlэхэм къытетlысхьэу, и цlыжь-цlыжьри зэрызэпигъэушхуэ щыlэтэкъым.

Бадзэм цlыху ишхауэ хэт зэхиха? Нэхъ бэшэч сищlынщ, мыхьэнэ зимыlэхэр къыспфlэмыlэхуу зезгъэзэнщ абы и фlыгъэкlэ, жысlэурэ, зыкъомрэ си бадзэр ныбжьэгъу сщlыну сыхэтащ. Езыр, си тэмакъыр здынэсыр игъэунэхуну игу ирилъхьа фlэкlа умыщlэу, тепыlэртэкъым. Бадзэр цlыхукъым, бадзэну хуитщ. Ирелъатэ, ирешхэ, кърелъэтыхь, ари Алыхьым къигъэщlащ. Си lуэху зезымыхуэ бадзипщlи схуэшэчынущ сэ. Сигъэлэжьамэ, нэхъыбэ сыхуейкъым. И щхьэ хуэджэгужу къилъэтыхьын, якlэрыхуа lэфl гуэрым ебзеин, зэзэмызэ зиущэхуу жеин фlэкlа, дэзыхьэх нэгъуэщl lуэху зэримыlэм хуэдэу, Бадзэ си бзыпхъэхэм къытетlысхьэрт, си машинэ мастэм епэщэщырт, здар къитlэпlыжыну хэтым ещхьу, зесхьэ щэкlыу хъуам и «джэдынэхэр» ятезт.

«Сыт бадзэм епщlэ хъунур?» - изотхэ компьютерым и упщlэрытым. Бадзэукl, бадзэгъалlэ хуэдэхэм я сурэт къредзэ. Ахэр ибохьэлlэри, и ахърэтыр нэху ухъу. Пэж хъунт ар, ауэ си Бадзэ, япэрауэ, апхуэдэу цlыкlутэкъым, бадзэшхуэт. Лэжьапlэ пэшым бадзэгъалlэ щlэбутхэу ядэнукъым. Щlэбутхапэми, уэ езыр убэуэн хуейкъэ, адрейхэми ялъэlэсынущ. Мыр зи лъагагъ пэшым бадзэгъалlэр щlэкlуэдэну фlэкlа, щlыщlэбутхам зыри ирищlэнукъым.

Къызыфlэзмыгъэlуэхуну сыхэту, собзэ, содэ, къыслъысым хызогъэщl. Ауэ Бадзэ птесу, уlэбэну гугъущ: инщ, фlейщ, гурымыхьщ. Тепхунущи, мэлхьэпlатlэм ещхьу зыкъыпхеукlэ. Зыкъыпщимыгъэнщl нэхъей, пlэжьажьэу уи нэкlур къефыхь. Уи нэм къыщlопщхьэ, уи пэм къопщхьэ. Щэкlым щlимыхъумэ lэщlым, lэблэм, тхьэкlумэм япэгъунэгъуу зеудэ. Узэрылажьэм игу зригъэбгъэж хуэдэ, машинэр зэрыщlэбгъанэу, нэхъ гутехуэгъуей мэхъу. Къысщхьэщыхуарзэм къыстезэрыхьурэ, сызэтрехупэ.

«Хужьмыlэр сыту пlэрэ мыбы?» – сызоупщlыж. Ар зэрыбадзэм, сэ сызэрыцlыхум апхуэдизу зэмыщхь щхьэ дищlрэ? Хъумпlэцlэджи, бзуи, хьэи, джэдуи дунейм тетщ, дэтхэнэ зыри и щхьэ хуитыжщ... къызэмыдзэкъэху. А зыращ Бадзэ хуэзмыдэр – къызэрызэдзакъэр. Апхуэдизу фlыуэ слъагъу лэжьыгъэм и lэфlым сыщигъэужыным гугъэ химыхыжу, си хьэпшып псоми йобгъэрыкlуэ, бадзафэ къызуплъу здэнукъым, жыхуиlэу.

Пэжщ, щымыдзакъи къыхохуэ. lэнэм фошыгъу е кlэнфет телъмэ, абыхэм ебзеиху, уи гугъу ищlынукъым. Гъуджэхэр и тхъапlэщ, зэплъыжрэ зыщыгуфlыкlыжу. Гу лъызмытэу къыфlэзгъэщlыфмэ, хущlэмыхьэшхуэ зещl, щыгъынхэр щызэтелъ дапхъэм допlэжьэжьыхь, унащхьэм нос, щlолъэт, къыщlолъэтэж.

Щымыхъум, схуэгъасэмэ, сеплъыну мурад сощl. Бадзэукl къызощэхури, къызбгъэдыхьэмэ, сызэреуэнур ищlэу, зыкъомрэ зытызошащlэ. Итlани, мис, иджыпсту схутегъэхуэнущ щыжысlэ дыдэм деж, сфlэпсэкlуэд хъужырт. Езыри, сызэремыуэфынур къыгурыlуам ещхьу, си пlэм сыкъришыным lэзэ хуэхъуат.

Сэ хьэпшыпхэм садэуэршэрын си хьэлщ, сыщизакъуэм деж. Шэнтхэми, тепщэчхэми, lуданэхэми, щэкlхэми сопсалъэ. Мывэхэм нэгъунэ псэ яlуту жаlэ, я бзэр цlыхухэм къыдгурымыlуэу щытми. Сулеймэн лъапlэр хъумпlэцlэджым епсэлъатэкъэ? Епсэлъат! Сэри Бадзэ сыхэзагъэмэ, сеплъынщ жызоlэри, къыщlызодзэ:

- Бадзэ! Удахэщ, угубзыгъэщ, убадзэфlщ уэ. Лъагэу удолъэтей. Ущхьэпримыдзу, lэзэу укъолъэтэхыж. Ауэ ди тхьэмадэ Дибир си пщэ къыдилъхьэ лэжьыгъэр мы пэшым щызмыгъэзащlэу хъунукъыми, кхъыlэ, зэран укъыскхуэмыхъу. Зэрымыщlэкlэ зыгуэр пхуэзгъэузынкlэ согузавэ, гу плъызмытэу. Дызэгурыlуа?

- Дызэгурыlуакъым! – и дамэжь цlыкlухэр иутхыпщlурэ жеlэ зи макъ зэхэсхыну симыгугъа Бадзэ. - Сыцlыхущ жыпlэу, укъыскуеплъыхыу аракъэ? Зыкlи нэхъ зызгъэнэхъыкlэкъым! Бадзэкlэ укъызэджэуи здэнукъым. Дэрбзэрхэр щылажьэ цехым сыщыщlэскlэ, сэри фэ сыфхуэдэщ. Зыри сымыщlэу сыщlэскъым сэ мыбы. Сэ сызытемытlысхьа щыгъын щlахыу плъэгъуа? Уэ пхуэдабзэу, си дуней lыхьэм сыхуитыжщ. Сызыхуейм - сэбэп, сызыхуейм – зэран сыхуохъу. Уэри сигу узэрытезгъахуэр зыщумыгъэгъупщэ.

- Сэ уи гугъу сщlыркъым!

- Аращ пхуэзмыдэххэр! Си гугъу пщlыну схуэмыфащэ хуэдэ! Дызэрызэмыщхьыр си нэм къыщlыбоlу.

- ДыщlызэмыщхьыР зэщхьу дыкъигъэщlакъыми аращ. Мыр цlыхухэм щыгъын щад цехщ, бадзэ щагъэхъу зоопарккъым!

- Цlыхум бадзэм хуэдэу мыхьэнэншэ зыщищlыжыфкlэ, сыт бадзэр цlыхум ещхьу lущ щlэмыхъуфынур?

Зэхэсхыр пэж хьэмэ къысфlэщlа? Хэт игъащlэм бадзэ псалъэу зэхиха? Занщlэу и бзэр иубыдыжри, и цlыжь-цlыжьым щlидзэжыну хэтащ, ауэ, зигъэгуса пэлъытэу, а махуэм афlэкlа гъунэгъу зыкъысхуищlакъым. Итlанэ согупсыс: сытынкlи хъуну мыбы и гуращэр? Цlыхум и гъащlэм купщlэ гуэр хэлъын щыхуейкlэ, бадзэми «сынасыпыфlэщ» жиlэн щхьэкlэ, зыгуэр lэрыхьэну хуэфащэкъэ?

Интернетым изотхэ: «Бадзэм сыт и мыхьэнэр?»

«Мыр и мыхьэнэщ жыпlэу пхужыlэнукъым», - къызет жэуап.

Упщlэр нэгъуэщlу соухуэ: «Сыт Алыхьым бадзэр къыщlигъэщlар?»

«Мыращ къыщlигъэщlар, пхужыlэнукъым», - къетх аргуэру. - Ауэ Къурlэным итым еплъыт: «Псори зэхыхьэми, бадзэ къудей къахуэгупсысынукъым а фи тхьэнэпцlхэм. Бадзэм зыгуэр яlэщlих хъуми, къытрахыжыфынукъым. Елъэlури зэлъэlури къаруншэщ».

Дапщэрэ сыкъеджа а lэятхэм, зэи си щхьэм хуэзмыхьу?! Нтlэ, бадзэр сигу зэрытемыхуэм, абы стриха си гупсэхугъуэр зэрызмыгъуэтыжым сыджауру къикlыу ара? Си тэмакъкlэщlагъра тхьэ нэпцlым езгъэщхьынур, хьэмэ си къалэныр нэгъэсауэ згъэзэщlэным сезыхулlэ гумызагъагъра? Бадзэхэр, аргъуейхэр, хьэхэр, цlыху lейхэр къызэрыдиутlыпщымкlэ зыдигъэцlыхужу е ди гуэныхьхэр дигъэпшыныжу арамэ, а бадзэми, хьэми, джэдуми, цlыху lейми зыри етщlэ мыхъуну къикlрэ? Зи жэуап къысхуэмыгъуэтыххэ упщlэращи, иджыпсту схуримыкъур Бадзэ зэрысшэчын тэмакъ, хьэмэ ар зэрызукlын хахуагъ?!

Сщlэркъым. Пэжщ, бадзэр зэи цlыху хъунукъым. Ауэ цlыхури бадзэ хъунукъым. Цlыхуу укъыщlэкlын щыхуей утыкум бадзэ ещэн фlэкla къыщызыкъыумыхыфмэ, щlагъуэкъым. Бадзэм и ерыщагъыр зыхуэчэм утыкум ущикlуэтынри нэхъеижщ. Къикlращи: цlыхуу ущытыным и мыхьэнэр зыхэзымыщlэр бадзэм зыкlи къыщхьэщыкlыркъым.

Етlуанэ махуэм фо здэсхьри, лъагэу тет дапхъэм тезгъэзэгъащ. Тэмакъкlыхьагъымрэ хахуагъымрэ я зэпэшачэм и унафэ сымыщlыну мурад сщlат, «схуэмышэчын къыстралъхьэрэ къыстрамылъхьэрэ» зэхэзгъэкlын папщlэ.

А уэ пщlэм тепщэч lуфэр къефыхь. «Мис, иджыпсту йобзейри хопщхьэ» щыжысlэ дыдэм сыщlощтэж, сыкъыщолъэт, фор зэрыт тепщэчыр дапхъэм къытеспхъуэтыкlыну соlэбэри, итри зэрытри къызоудых. Лъэгум нэмыс щlыкlэ къэзубыдыжыну сыщыкlэлъыпхъуэм, lэмыкlуэлъэмыкlуэу сыжьэхоуэри, фо тепщэчыр си дамэ ижьым къытохуэ. Уи пэкlэ фо тепщэч бгъажэмэ, къыптокlэж къызжаlамэ, схуэфащэт абдежым. А дакъикъэм Бадзэ къысlэщlэлъэгъуамэ, хьэкъущыкъур сущэбыху тескъутэнт. Арщхьэкlэ, къысщыщlам сеплъыну гъуджэмкlэ зыщызгъазэм, си дамэм къескlыха фом а уэ пщlэ си Бадзэ хэнауэ хэлъу солъагъу, и лъакъуэ фlыцlэшхуэхэмрэ и дамэ хужьитlымрэ си джанэ удзыфэм къетlэтlэх фо lувым щlигъэмбрыуарэ зимыгъэхъеижыфу.

Бжэм зыгуэр къытоуlуэ. «Къыщlыхьэ» жызмыlэ щlыкlэ, Дибир ар къыlуехри, сыкъызэрилъагъуу, мэкlий: «Зэт! Зумыгъэхъейт!» Щlож, и телефоныр къехьри, и пlэм ижыхьауэ ит сэ сурэт къыстрех. Щэкlым трагъэуэн фlэкla хуэмеижу, бадзэр зыхэна фо къетlэтlэхам и теплъэр нэхъ гуакlуэу компьютеркlэ зэрегъэзахуэри, щэкl зэlузыщэхам яхурегъэхь. Апхуэдэу ежьащ ди брендыр. Псом нэхърэ нэхъ зэкlур си джанэр къызыхэщlыкla щэкl удзыфэ сырыхуфэрат, ауэ хужьми, щlыхуми, тхьэмбылыфэми, къазшырыфэми трагъэуащ сурэтыр, бзыпхъэр къыщыхахкlэ, зыхуейм деж хуагъэзэфын хуэдэу. Дунейм тесхужыну сызыхэта Бадзэ ди фирмэм и дамыгъэ зэрыхъуам нэмыщl, зыбгъэцlыхуфlынымрэ цlыху хуэдэу ущытынымрэ зэрызэщхьэщыкlым гу лъызигъэтащ».

Жызоlэри, си фlэщ хъущакъым Данизэ и бадзэм теухуа шыпсэр. Итlани, пщlэнукъым, дэри ди lэгъуэблагъэм щызелъэтэнкlи мэхъу щхьэхуимыту ди нэхъыфlыщхьэм дезыхулlэ апхуэдэ бадзэхэр, аргъуейхэр, хьэндырабгъуэ щхьэпэхэр.

**ЧЭРИМ Марианнэ.**




● Лъэпкъ Іущыгъэхэр

# Къуэр напщІэщ, пхъур набдзэщ

♦ **Уи шым ижынур пщІэжын хуейщ.**
♦ **ФІы зыщІэ упщІэжрэ?**
♦ **ЩыжаІэм щыпаупщІыркъым.**
♦ **ФІыр умыщІэмэ, нэхъ лъапІэр къыхэх.**
♦ **Хабзэ лъэІукъыми, Іумахуэ Іуэхутхьэбзэкъым.**
♦ **Щыкіыр икІэ мэхъу.**
♦ **Хьыгъуэм гуащэщ, къэхьыжыгъуэм псэжьщ.**
♦ **Къантешэ нэхърэ - къаншэж.**
♦ **Зи щхьэ уи унэ исым и псэ уи унэ илъщ.**
♦ **Шхэгъуэм дыгъужьщ, лэжьэгъуэм жьындущ.**
♦ **Къуэр напщІэщ, пхъур набдзэщ.**
♦ **Уз эрымылъагъуу Іэфі щыІэкъым.**
♦ **Хьэщіэр куэдрэ щысмэ, бысымыр йозэш.**
♦ **Къуэш лей щыІэкъым.**
♦ **Ныбжьэгъур уи нэгу къыщІоплъэ, жагъуэгъур уи лъакъуэ йоплъых.**
♦ **Хьэщіэ къакІуэмэ, хэгъэрейр мэгуфІэ.**
♦ **Ямылъэгъуа бланэ къаукІыркъым.**
♦ **Бажэр ущу ежьэмэ, мэщакІуэ.**
♦ **Бжьэхуцым мафІэ пхухэгъэпщкІуэнкъым.**

● Инджылыз псалъэжьхэр

# Жыхапхъэщ Іэр къабзэу мэпхъанкІэ

♦ **Хьэ щэхумрэ псы хуэмымрэ защыхъумэ.**
♦ **Псынщіэу зэбгъащіэр псынщіэу пщогъупщэж.**
♦ **Акъылыншэр сытым дежи япэ йоувэ.**
♦ **Акъыл зэрылъ щхьэ зыфІэмытым нэ жан зэрищІын щыІэкъым.**
♦ **ЯпэщыкІэ къэлэжьи, итІанэ щІэхъуэпс.**
♦ **Бжэр е хуэщІауэ, е Іухауэ щытын хуейщ.**
♦ **Шэху уэздыгъэр лъэныкъуитІымкІи щыщІагъанэркъым.**
♦ **Хьитіыр къупщхьэм щхьэкІэ зэрыукІыху, ещанэм ар къищтэри щІэпхъуэжащ.**
♦ **Рим зы махуэм яухуакъым.**
♦ **Щэныфіагъэр ехъулІэныгъэм и анэщ.**
♦ **Къагъэсэбэпурэ лажьэмэ нэхъыфІщ, щылъурэ улъий нэхърэ.**
♦ **Хьэкъущыкъу нэщІращ макъ ин зыщІыр.**
♦ **Жыхапхъэщ Іэр къабзэу мэпхъанкІэ.**
♦ **Насып къэбгъуэтыну тыншщ, гугъур ар пхъумэнырщ.**
♦ **Уи Іэкіэ пщІэ Іуэхур псынщІэу зэфІокІ.**

● Шхыныгъуэхэр

## Дагъэ уэркІэ гъэжьа кІэртІоф

КІэртІоф укъэбзар тыкъыр цІыкІуу, г 10-12 хъууэ, мыІув Іейуэ, яупщІатэ, сэхуран дагъэр къагъэплъ, пщтырагъыр градуси 140-150-рэ хъуху. Абы кІэртІоф упщІэта гъэгъущар хакІутэри, чымчырымкІэ зэІащІэурэ тхъуэплъ хъуху ягъажьэ. КІэртІоф жьар чымчыркІэ кърахыж, пІинэу тепщэч цІыкІум иракІутэ. Шатэкіэ щІауэ бжьыныху шыпс тракІэри хуабэу яшх. ПІастэ, щІакхъуэ, лэкъум дашх. Шхыныгъуэр витаминкІэ къулейщ.

*Халъхьэхэр (цІыхуитІ Іыхьэ):*
КІэртІоф укъэбзауэ - г 400.
Сэхуран дагъэу - г 1000.
Бжьыныху укъэбзауэ - г 10.
Шатэу - г 100.
Шыгъуу, шыбжийуэ - узыхуейм хуэдиз.

## Кхъуей цІынэрэ джэдыкІэрэ

Джэдыкіэ игъэвыкІар фІыуэ ягъэупщІыІу, яукъэбз, тхъунщІалъэкІэ ятхъунщІ е цІыкІу-цІыкІуурэ яупщІатэ. Кхъуей цІынэри ятхъунщІ е яупщІатэ, бжьыныху укъэбзар шыгъу хэлъу яуб. Ахэр зы хьэкъущыкъу мыулъийм иралъхьэ, шыбжий плъыжь хьэжа, шыгъу хадзэ, шатэ Іув хакІэжри зэхагъэзэрыхь, ягъэдиин щхьэкІэ, щІыІапІэм щагъэув и щхьэр тепІауэ. Дакъикъэ 15-20 хуэдизкІэ щагъэтри, тепщэч куу цІыкІум пІинэу илъу Іэнэм трагъэувэ. ПІастэ е щІакхъуэ гъусэ хуащІ. Хуабжьу ерыскъы гурыхьщ икІи къэуатщ.

*Халъхьэхэр (цІыхуитІ Іыхьэ):*
Джэдыкіэу – 2.
Кхъуей цІынэу - г 100.
Бжьыныху укъэбзауэ - г 10.,
Шатэу - г 120.
Шыгъуу, шыбжийуэ - узыхуейм хуэдиз.

***«Адыгэ шхыныгъуэхэр» тхылъым къитхыжащ.***



● Фэ фщІэрэ?

# Къуалэбзухэмя цІэхэр

**Авдотка** - джэдкусэ, мэкъупІэджэд
**Баклан** - хыбабыщ, хыпсыджэд
**Барсучок** - бгъэнбзу
**Дрозд** - бзугъуабжэ
**Гайчка** - цІыжьдадэщхьэфІыцІэ
**Белобровик** - бзуущхъуэнабдзэху
**Жаворонок малый** - уэгунэбзу
**Зарянка** - бгъэмопэ, бгъэморэ, пшэплъхуэусэ
**Зарянка кавказская** - пшэплъхуэусэ
**Гайчка черноголовая кабардинская** - къэбэрдей къуршцІыжьдадэ
**Дрозд белозобый** - бзуупцІэбгъэгуху
**Бекас -** сыр-сыр, бзупэкІыхь, удыдж
**Аист белый** - псыхэуэщІыбыпцІэ



**Жаворонок полевой** - мэлыхъуэбзу, вэгъуэбзу
**Аист черный** – къырпсыхэуэ
**Галка** - къуалэ, тщыды, шакъэ
**Зеленушка** – бзуудзыфэ
**Дрозд черный** - БзуупцІэ бзуупцІэфІыцІэ
**Дрофа** - Дудакъ
**Журавль венценосный** - Кърущхьэгумэ
**Камышовка болотная** - ПсыпцІэбзу
**Козодой** - БжэнщІэф
**Крачка чайконосая** - Хытхьэрыкъуэпапціэ.

● Сабий джэгукІэхэр

# Топзэрыж

Джэгукіэ гугъукъым. Джэгур щІалэ цІыкІухэрщ. Нэхъыщіэхэри (илъэсибл-бгъу) нэхъыжьыІуэхэри (илъэс пщыкІух-пщыкІубл) зэхэту мэджэгу. Джэгухэр дапщэ хъуми, тІурытІу къызэролэ. Псоми баш зыряз яІыгъщ. Хьэшакъ фІэтмэ, нэхъыфІщ. Гуп къэс пхъэ топ зырызи яІэщ.

Губгъуэ джафэм (удзыпцІэми хъунущ, ауэ удз имытмэ, нэхъ псынщІэу щокІуэкІ) джэгухэр псори сатыритІу щоувыкІ. Гупитіым я зэхуаку лъэбакъуибгъу-пщІы дэлъщ, зы гупым хэтхэр лъэбакъуэ 20-25-кІэ зэпэжыжьэщ. Сатырхэм нэхъыщІэ цІыкІухэр япэ ирагъэувэ. Япэ дыдэ ититіым пхъэ топхэр ират. Ахэр щІым ягъэтІылъ, зэрырахужьэным хуэдэу загъэхьэзырауэ.

Сатырхэм я ужь дыдэ итыр тхьэмадитІырщ. Абы язык ину мэкІий: «Топ... зэрыж», - жеІэри. Ар зэрызэхахыу, пхъэ топхэм бгъэдэт щІалэ цІыкІуитІым топхэр ирахужьэ, я гъунэгъум нэс яхуу абы ратыну. Зратам адэкІэ пащэ. Апхуэдэххэурэ тхьэмадитІым я деж носхэр. Тхьэмадэхэм топхэр ирахужьэри, зэраухылІауэ тур зытращІа щІыпІэм нэс яху.


Топзэрыж щыджэгукІэ, зыгуэр ину еуэу, и гъунэгъум блихуу, адрей къыкІэлъыкІуэм ирит хъунукъым. Абы апхуэдэу блихуамэ, топым лъэщІыхьэу езым къригъэгъэзэжу зи чэзууэ щытам деж къихужын хуейщ. ИтІанэщ мыдрейм щыпищэнур. Ауэ хуит ящІ зи чэзур тІэкІу къикІуэту топыр къэзыхум нэхъ пасэу къыІихыну.

Иужь дыдэу топыр зылъысыр тхьэмадэхэрщ. Мис ахэр хуитщ зэрафІэщкІэ топыр щІахуэу, зэраухылІа турым ар яхунэгъэсмэ, нагъэсыну. Ауэ абы щыгъуэми езыхэр Іэмал имыІэу жэрыгъэкІэ а турым нэсын хуейщ. Къытежу япэ нэсым и гупыр текІуэу аращ.

Турыр гупитІым я дежкІи зыщ. Зэрызэгурыіуа лъэбакъуэ бжыгъэм щІигъуу зыгуэрым и топыр лъеямэ, ар хэткъым. Абы щыгъуэ тхьэмадэр а топым кІэлъыжэу турым дежкІэ къеуэжын хуейщ. А псоми зэман токІуадэри, дауи, адрей гупым я тхьэмадэр къыкІэрыхуами, япэ ищыжыныр бетэмалщ.

**МАФІЭДЗ Сэрэбий.**

# Псалъэзэблэдз




***ЕкІуэкІыу:*** **3**. Ухуакіуэ, Социалист Лэжьыгъэм и ЛІыхъужь ... Алий. **5**. Щэкіым къыхэщІыкІа хъуржын цІыкІунитІэ, тутын иракІутэу. **6**. Хадэхэкі. **7**. Бжэ Іулъэ. **9**. ЩІакхъуапхъэ. **10**. Лэжьапщіэ, мазэ хьэкъ. **13**. Махъсымэ щащІкІэ халъхьэ пщагъэ. **14**. Гъэшхэкі. **15**. Зи щхьэгъусэм къыбгъэдэкІыжа цІыхубз. **16**. Удын зэхэдзэ нэхърэ - ... зэхэдзэ. **17**. Языныкъуэ къуалэбзухэм ятет цы щабэ. Е ... щхьэнтэ.

***Къехыу:*** **1**. Къэбэрдей-Балъкъэрым и цІыхубэ усакІуэ, КъурІэныр адыгэбзэкІэ зэзыдзэкІа. **2**. ЩІыпІэ хуабэхэм щыІэ хьэкІэкхъуэкІэ шынагъуэ. **4**. Нэхъ пасэм пщІантІэхэм дагъэувэу щыта пкъо, фІэдзапІэ куэд иІэу. **8**. Лажьэ симыІэу, си гъунэгъум ... къызищІэкІащ. **9**. Члисэхэм фІэлъ уэзджынэшхуэ. **11**. Дагъуэ зимыІэ, цІыху къызыхуэтыншэ. **12**. Хъуаскіэ къызыхих мывэ быдэ.

*Зэхэзылъхьар*
**САУТ СулътІанщ.**

***Жэпуэгъуэм и 10-м ди газетым тета псалъэзэблэдзым и жэуапхэр:***

***ЕкІуэкІыу:*** **2**. Уэрэд. **6**. Кумыщ. **7**. Уадэ. **8**. Умэ. **9**. Нэгъуд. **11**. Ленэ. **13**. Къуршыбгъэ. **16**. Шхий. **17**. Молэ. **18**. Хъущт. **20**. Ефэгъу. **22**. Гъуагъуэ. **23**. Махъшэ.

***Къехыу:*** **1**. Амдэч. **2**. Ущ. **3**. Рим. **4**. Ду. **5**. Іуданэ. **10**. Дарий. **11**. Лагъым. **12**. Хыв. **14**. Пхафэ. **15**. Благъуэ. **19**. Щихъ. **21**. Гъум. **22**. Гъуэ.



● ЗэIущIэхэр



# Узыгъэгупсысэ тхыгъэхэр

**Налшык дэт Лъэпкъ библиотекэм щекIуэкIащ Урысейм и ТхакIуэхэм я зэгухьэныгъэм хэт, зи Iэдакъэщ Iэкlхэмкlэ куэдым я гум дыхьа Мэкъуауэ Амир и тхыгъэхэм щытепсэлъыхьа, езы тхакIуэр и щIэджыкIакIуэхэм щыIагъэща зэIущIэ. Абонементымкlэ библиотекэм и къудамэм къыщызэрагъэпэща Iуэхум хэтащ библиотекэм и лэжьакIуэхэр, тхакIуэхэр, филологием, режиссурэм, журналистикэм хуеджэ студентхэр, гъуазджэм и лэжьакIуэхэр, журналистхэр.**

- ДИ къудамэм щыдублащ литературэр фIыуэ зылъагъухэм папщIэ «Рассказ дыкъоджэ» зыфIэтща Iуэхур - Къэбэрдей-Балъкъэрым и тхакIуэхэм я прозэ тхыгъэхэм дыкъоджэ, дытопсэлъыхь, тхакIуэхэм даIоущIэ, я Iэдакъэщ Iэкlхэм ятеухуа упщIэхэр ядот, езыхэри я гущIагъ щIэлъхэмкlэ къыддогуашэ. Нобэ къедгъэблэгъащ Мэкъуауэ Амир. Абы и рассказхэм, и тхыгъэ нэхъ инхэм дыкъеджащ, ди гум дыхьащ. УпщIэ куэдкIи тхакIуэм зыхуэдгъэзэну дыхуейщ. Нобэ апхуэдэ Iэмал диIэщ, - жиIащ зэIущIэр къыщызэIуихым библиотекэм абонементымкlэ и къудамэм и унафэщI ПащIэ Тамарэ.

КъБР-м и ТхакIуэхэм я зэгухьэныгъэм и унафэщIым и къуэдзэ Мэремкъул Ларисэ тепсэлъыхьащ Мэкъуауэ Амир и Iэдакъэщ Iэкlхэм, абыхэм я мыхьэнэм.

- Амир и тхыгъэхэм уагъэпIейтейуэ уоджэ. Уеджа нэужьи, хьэлъэщ бгъэвыну. «Возвращённое небо» тхыгъэм сыщеджам сигъэжеятэкъым жэщым, гупсысэ хьэлъэу щыпхышам сигъэпIейтейри. Апхуэдэщ адрей тхыгъэхэри, - жиIащ Ларисэ.

Абы къыхигъэщащ Мэкъуауэ Амир и тхыгъэхэр цIыкIуфэкIухэмкlэ (деталь) зэрыкъулейр, абыхэм рассказхэр егъэлеяуэ щIэщыгъуэ икIи еджэгъуафIэ зэращIыр. ЩIалэгъуалэр тхылъым зэрыпыщIам теухауи и гупсысэр жиIащ:

- Куэдрэ зэхыдох щIалэгъуалэр тхылъ емыджэу. Ауэ сэ къысфIощI художественнэ тхыгъэ еджэ абыхэм куэду яхэту икIи си гугъэщ щIалэгъуалэм езыхэм я зыхэщIэкlэ яIэжу. Ныбжьыщ Iэхэр рассказым е повестым зыхуишэ гупсысэхэр сщIэну шыпсыхьам тхыгъэр егъэлеяуэ щIэщыгъуэ зэращIым.

- Мэкъуауэ Амир тхакIуэ-гупсысакIуэщ. ТхакIуэфIыр сыт нэхъыбэу зыхуэныкъуэр жыпIэмэ, псалъэр зыхэзыщIэ щIэджыкIакIуэфIщ. ЩIэджыкIакIуэ куэд дыдэ уимыIэми хъунущ, птхым еджэр мащIэми, а мащIэм я гупсысэм ухэпщIэмэ, - жиIащ Мадинэ, щIэджыкIакIуэхэм ятеухуауэ.

Лъэпкъ библиотекэм гъуазджэмкlэ и къудамэм и унафэщI КIуж Заремэ тепсэлъыхьащ я къудамэм и лэжьакIуэхэм зэIэпахыу Мэкъуауэ Амир и тхыгъэхэр зэраджам, зэрытепсэлъыхьыжам, дэтхэнэми и гум гупсысэ гъэщIэгъуэнхэр къызэрыщигъэушам.

- Сэ рассказхэмкlэ къыщIэздзащ Амир и Iэдакъэщ Iэкlхэр зджыныр. Рассказхэр зэрыкуум, къыщыIэта гупсысэхэр Iэпкълъэпкъым къыщыхъуэпскI нэхъей, укъызэрыхагъэщтыкIым хьэщыкъ сищIащ. «Ловушка», «Золотые апельсины», «Остров гнома» рассказхэр зыгъэбея философиер апхуэдизкIэ си гупсысэм хэтщи, Iэмал имыIэу адэкIи щIэзджыкIынущ тхакIуэм и Iэдакъэщ Iэкlхэр. Рассказхэм сыкъеджэри, сегупсысащ абыхэм фильм гъэщIэгъуэныщэхэр къазэрыпхухэщIыкIыфынум, - жиIащ Заремэ.

ЩIалэгъуалэм тхакIуэ упщIэхэр иратащ. Абыхэм ящыщт тхакIуэ ухъун папщIэ уи хьэл-щэнкIэ узыхуэдэн хуейр. Мэкъуауэр тхэным зэрытегушхуами трагъэпсэлъыхьащ.

- Ухуей-ухуэмейкIэ тхакIуэ ухъуфыну къыщIэкIынукъым. УтхакIуэр пэжмэ, абы укъыхуэзыгъэуш зы Iуэхугъуэ гуэр къыщыхъуу къыщIэкIынущ гъащIэм.

Спортым тегушхуауэ сыхэтт, СССР-м и турнирым пашэ сыщыхъуат. Зы зэпеуэ гуэрым си узыншагъэм зэран хуэхъуа удын щызгъуэтати, спортым зестыпэ хъунутэкъым. Тренировкэхэм сыщымыкIуэкIэ, зэмани сиIэ хъуати, мис абы щыгъуэщ тхэн щыщIэздзар - балигъ сыхъуауэщ. Нэхъапэ Iуэкlэ, литературэм щыщ тхыгъэ кIыхь сыкъеджагъэххэтэкъым, курыт еджапIэм щырдджаIа мыхъумэ. Пэжщ, усэ гъэхуауэ сыкъеджэрт, Налшык сыкъашэурэ пшыхьхэм сыкъыщрагъэджаи къыскуихуат. Сытми, ди еджапIэм, дызытащ. ЗэIущIэр иуха нэужь, бзылъхугъэм и ужьым сиувэри, библиотекэм сыкIущ, абы щIэджыкIакIуэм и билет щезгъэтхащ асыхьэту. Этикэм, эстетикэм, психологием, философием теухуа къудамэм щIэлъ тхылъхэр щIэзджыкIащ тезгъазэурэ. Адэкlэ, художественнэ литературэм сыдихьэхащ. «Спаси меня, мой ангел» япэ рассказыр а зэманым стхащ.

«Рассказ щыптхкIэ, ар икIэм зэрынэсар дауэ къапщIэрэ, къыпыпщэнIа хуейуэ къыпщыхъуу зэи бгъэтIылъыжакъэ?» - щIэупщIащ зыгуэр.

- Рассказыр тхын суха нэужь, сэ абы къыпысщэнIауэ сыхуеинкIэ зы Iэмали иIэкъым, сыту жыпIэмэ, сэ икIэмкIэ къыщыщIызодзэри сотхэ. Си рассказу хъуам къыхощ а «хьэлыр» - зэриухынумкIэ къыщIызодзэри, адэкIэ сызыхуейр къызоIуатэ. Апхуэдэм деж, ухуеипэми, къыпхупыщэжынукъым, - жиIащ тхакIуэм.

ЩIалэгъуалэр тепсэлъыхьащ езыхэр зэджа рассказхэм, ахэр къазэрыгурыIуам, къагурымыIауэ хэтым. «Сады Масират» рассказым зэреджар жиIащ, зыхуиша гупсысэхэми тепсэлъыхьащ КъБКъУ-м филологиер щызыдж Мэсей Даянэ.

- Бзылъхугъэм и дунейр къегъэлъагъуэ тхыгъэм. И гъащIэр бын къыщIэхъуэнкъыщIэмыхъуэным епхыпауэ къэлъытэным абы насыпыншагъэ къызэрыхуихьым и зы щапхъэщ мыбы къыщыIуэтар. Сэ егъэлеяуэ сигу щIэузащ Масирэт. Ауэ щыхъукIи, икIэм бзылъхугъэр гъащIэм арэзы зэрыхуэхъужами сыщыгуфIыкIыурэ сыкъеджащ, - жиIащ абы икIи къыхигъэщащ езым и дежкIэ мыгурыIуэгъуэ философие тхыгъэм зэрыщыIущIами.

- А рассказыр нэхъ гугъу сызыдехьарщ. КъыбгурыIуэну гугъущ, зыхэпщIэ пэтми, жыхуэсIэщ. «И купщIэр къыбгурыIуэн папщIэ зыбжанэрэ укъеджэн хуейщ», - къызжаIащ си щIэджыкIакIуэ зыбжанэми. БлэкIамрэ къэкIуэнумрэ я зэхуакум дэлъ зэманыр лъэныкъуэ егъэзащ - бзэхащ. Абы гугъу ещI гупсысэр тхыгъэм къыхэбудыкIыныр. Илъэс 200 ипэкIэ, зэгуэр псэуа лIыр Масирэт и гъащIэм къыхохьэ, псэгъу хуохъу. Кавказ зауэм хэкIуэдауэ щыта цIыхухъурщ рассказым къыхэщхуэм зэпигъэщхьэхукIыну пIэрэ? ФIэщхъуныгъэ лъэщ зи гум илъым блэкIамрэ къэкIуэнумрэ зэпишэчыщэркъым - гъадэщIыдэщ абы и дежкIэ гъащIэр. Сыт иджыри рассказыр гугъу зыщIыр жыпIэмэ, дуней нэпцIымрэ дуней пэжымрэ теухуа гупсысэхэр къызэрыщыхьам. Ещанэуи хэлъщ мыбы кууую узыпхыплъын хуей гупсысэ: ар ипэжыпIэкIэ узыщыпсэу дунеймрэ уи нэгум къыщIэбгъэхьэмрэ я зэпылъыпIэрщ, - жиIащ Амир рассказым теухуауэ.

Кавказ Ищхъэрэм гъуазджэхэмкIэ и къэрал институтым и студент Къып Темболэт жиIащ ди зэманым интернетыр тхылъхэм хьэрхуэрэгъу къазэрыхуэхъуар. Нэхъапэхэм тхылъхэмрэ фильмхэмрэт щIалэгъуалэм я дунейр, иджы я Iэм Iэщ Iэлъ телефоныр я гъащIэм щыщ Ыхьэщ. Ауэ щIэныгъэм, гупсысэ узыншэм хуэпабгъэ ныбжьыщIэхэм зэджэни зэплъыни къагъуэт.

Темболэт и гупсысэм пищащ а институтым щеджэ Золоевэ Тамарэ.

- Адэ-анэхэм я сабийхэм телефоныр къыIэщIахыфу зрамыгъасэмэ, тхылъ еджэхэм я бжыгъэм адэкIи хэщIынущ. Сэ сфIэфIщ художественнэ тхыгъэхэм седжэн, ауэ езыр-езыру зыхэслъхьа хьэлкъым ар. Си анэрщ тхылъ седжэу сезыгъэсар, щапхъэ сэзыгъэлъэгъуар. Си сабиигъуэм телефоныр къэунэхуагъэххэти, си ныбжь итхэм абыкIэ зытрагъэурт. Ауэ ди унагъуэм и хабзэр нэгъуэщIт: пщыхьэщхьэ къэс таурыхъхэм, шыпсэхэм дыкъеджэт. Сыт мыр щапхъэу къыщIэзгъэлъагъуэр?! Анэхэм я деж къыщежьэ щыуагъэщ телефоныр сабийм хуит хуэщIыныр, жыхуэсIэщ. «Телефоныр къащти, узыхуейм еплъ, си гугъу къыумыщI», жраIэ куэдым я быным.

Къэрал макъамэ театрым и солисткэ Къущхьэ Камилэ жиIащ Мэкъуауэ Амир и гъащIэм, и Iэдакъэщ Iэкlхэм теухуауэ зэIущIэм щыжаIам зэригъэпIейтеяр, куэдым зэрыригъэгупсысар, и тхыгъэхэр Iэмал имыIэу зэрыщIиджыкIынур.

Мэкъуауэ Амир жиIащ и тыгъэхэр ихъуреягъкIэ щилъагъум къызэрыхэкIыр, абыхэм къаIуатэ Iуэхугъуэхэр, нэщэнэхэр, лIыхъужьхэр гъащIэм щигъэунэхуурэ къызэрекIуэкIар. Iуэхугъуэу узыкIэлъыплъхэм философие хэбгъэхьэныр, художественнэ къарукIэ упсыхьыныр, щIагъыбзэ щIэплъхьэныр щхьэхуэщ.

ЗэIущIэм щIэсахэм къыхагъэщащ, щэнхабзэм и щэхухэм ущыгъуазэмэ, психологиемрэ философиемрэ теухуа литературэ уеджэмэ, гъащIэр зищIысым уегупсысмэ, Мэкъуауэ Амир и тхыгъэхэр тыншу къызэрыбгурыIуэр.

*Тхыгъэри сурэтхэри*
**ГУГЪУЭТ Заремэ** *ейщ.*



# Музей пэлъытэу ябж

**Налшык архитектурэ и лъэныкъуэкIэ мыхьэнэ зиIэ, «Сталиным и дачэкIэ» зэджэ, Толстойм и цIэр зезыхьэ уэрамым тет «Дачэ №5»-р къагъэщIэрэщIэжри къызэIуахыжащ.**

КЪАТИЩУ зэтет унэр 1911 гъэм яухуащ. Ар урысхэм пхъэ унэ зэраухуэм и хабзэм тету ящIащ. Ростов щыщ сатуущI Дутиков Михаил и лъэIукIэ, проектыр XX лIэщIыгъуэм и пэщIэдзэхэм игъэхьэзыращ архитектор Семёнов Николай. Дутиковыр революцэ нэужьым Тыркум Iэпхъуащ, унэр совет властым къыхуэнащ, «Къэрал дачэ №5» фIэщыгъэр иIэу.

Сталин Иосиф мы дачэм тIэу къыщыувыIащ - 1921, 1929 гъэхэм. ИужькIэ ар КъБКъУ-м и биологие факультетым иратри, 1978 гъэм абы къыщызэрагъэпэщащ университетым бгы экологиемкIэ и япэ къэрал щIэныгъэ-къэхутакIуэ лабораторэр. Илъэсипщ I дэкIри, ар щрагъаджэ, щагъэлажьэ Iуэхущ IапIэ хуащ. КъБАССР-м и къэрал унафэщIхэм я жыIэкIэ, совет зэманым дачэр яхъумащ, къэралым и нэIэ тету.

КъагъэщIэрэщIэжу мы гъэм фокIадэм къызэIуахыжа «Дачэ №5-р» музей, щэнхабзэ Iуэхущ IапIэ, еджапIэ хъуащ. Гуапэщ ар архитектурэ щIэин дахэу Налшык къызэрыхуэнар.

Щэнхабзэ щIэин ухуэныгъэр зэгъэпэщыжыным жыджэру хэтащ КъБКъУ-м Дизайнымкlэ и колледжым и «Реставрация» къудамэм и студентхэр, «Основы музееведения» дерсымкIэ я егъэджакIуэ Заводэ Ольгэ я гъусэу.

XX лIэщIыгъуэм и 20 гъэхэм щыIа унэлъащIэхэр, Iупхъуэхэр, пасэрей шейныхыр, лъахэхутэхэр къазэрыхуэупса тхылъхэр, артефактхэр - а псори мыбы щыболъагъу, Налшык а зэманым и псэукIам ухашэжу.

КъБКъУ-м и ботаникэ садым пэгъунэгъу «Сталиным и дачэм» макIуэ колледжым реставратор IэщIагъэм щыхуеджэхэр.

- Студентхэм мы ухуэныгъэр ядж. Унэр зыгъэлъапIэр абы Сталиныр зэрыщыIа къудейркъым, атIэ архитектурэ ухуэныгъэ фэеплъуи зэрыщытырщ, - жеIэ Заводэ Ольгэ.

**ТЕКIУЖЬ Заретэ.**

**УнафэщI-редактор ЖЬЭКIЭМЫХЪУ Маринэ**

**Газетыр 2016 гъэм дыгъэгъазэм и 19-м Печатым и хуитыныгъэр хъумэнымкIэ Къэбэрдей-Балъкъэр щIыналъэ Iуэхущ IапIэм ПИ № ТУ07-00117-м щIэту ятхащ.**

**Зы илъэсым газетыр 156-рэ къыдокI. 12+**

**ТЕЛЕФОНХЭР: редактор нэхъыщхьэм, секретарым – 42-56-19; унафэщI-редакторхэм - 40-48-54, 40-06-33; жэуап зыхь секретарым - 42-75-78; секретариатым - 42-22-66**

**Индексыр П 5894 • Тиражыр 1.098 • Заказыр №2324**

**ДИ ХЭЩIАПIЭР 360030, Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэ, Налшык къалэ, Лениным и цIэр зезыхьэ уэрам, 5, ебгъуанэ - епщIанэ къатхэр.**

**Газетым Iэ щытрадзар сыхьэт 18.00-рщ.**

**«Издательство «Южный регион» ООО-м щытрадзащ. 357600, Ставрополь край, Есэнтыгу къалэ, Никольскэ уэрам, 5-А**